

# *SILA YO KI WEN*

## *NAN TAN LAFEN AN*



Bonjou, oditwa. Annou pale ak Seyè nou an kounye a.

<sup>2</sup> Gran Bondye, Kreyatè syèl yo ak latè, Ki fikse Divinman pou nou moman sa a maten an, pou adore Ou. E se pou nou, Seyè, nan kè nou abandone têt nou nèt bay volonté Divin Ou epi bay zèv Sentespri a nan nou, pou pwodwi sa ke Ou ta vle nou konnen. Dezi nou se pou nou vin pi bon Kretyen ak pi bon reprezantan W. Èske W va akòde nou sa maten an, antan n ap konte sou Ou, nan Non Jezi. Amèn.

<sup>3</sup> Nou mèt chita. [Yon moun di: “Retire twal priyè yo?”—Editè a.] Wi. Nou trè kontan pou n isi a maten an ankò, nan—nan sèvis gran Wa a. E nou regrett, nou, ankò, ke nou pa gen plas pou moun yo, men nou jis gen.... N ap eseye fè pi byen ke nou kapab, selon sikonstans yo.

<sup>4</sup> Kounye a anpil gen mouchwa ak rekèt ki depoze isi a pou yo lapriyè sou yo. E m ap jis poze yo sou on bò; se pa ke m ap inyore yo, men m ap priye pou yo apre.... Mwen renmen sitou.... e aswè a, m ap fè sa maten an, epi apre aswè a ankò, lè, apre sa m ap priye epi tann Lespri Bondye a pou gerizon. Se lè ke m renmen priye sou mouchwa yo—yo ak tout bagay.

<sup>5</sup> E sou rekèt espesyal yo, Billy te ban m yo, chak gress. Gen apeprè twa san, e mwen, te fèk kite sal yo lè sa a. Nou wè, m ap jis pran yo jis rapid menm jan an, epi chak gress, ke m ka pran. E m ap okipe m de yo jis osi vit e posib ke m kapab. M p ap kapab pran yo tout. M jis lonje men m, m dwe pran youn, mwen di: “Seyè, èske se va *sa* a, epi èske se va *sila* a?” Jis konsa, paske yo, chak gress, gen bezwen, vrè rekèt; yon bagay, pa gen dout, ke nou ta dwe pale de sa ansanm. E mwen.... Sof si, nou konnen, pafwa Sentespri a ka di youn apa ke mwen li, ki rete sou kè mwen; Mwen retounen nan sa ankò, epi m chache la a jouk mwen jwenn li. Osinon, jis m pran yo pa aza.

<sup>6</sup> Kounye a, nou vle di tou, maten an, e salye sila yo ki nan lòt pati nan peyi a. Nou vle salye moun yo maten an pa mwayen koneksyon telefòn sa a, nan New York City; Beaumont, Texas; Prescott, Arizona; Tucson, Arizona; San Jose, California; Connecticut; Gainesville, Georgia; ak New Albany, Indiana; atravè peyi a. N ap salye nou nan Non Seyè Jezi.

<sup>7</sup> Maten an, nan Indiana, se yon bèl maten. Nou te gen yon lapli yè swa ki te rafrechi tan an. Epi nou... Tabènak la chaje, epi tout

moun ap tann, ak gwo atant, leson lekòl dimanch lan. E mwen konfyan ke richès benediksyon Bondye yo ap sou nou laba a.

<sup>8</sup> E n ap espere, osito sa posib, pou fè yon—yon fason ke nou ka gen, kote nou ka mennen nou tout ansanm, petèt anba yon gwo tant, kote mwen santi mwen vrèman definitivman kondui pou m preche sou Sèt dènye Koupa yo nan Bib la.

<sup>9</sup> Kidonk kounye a, konsa nou p ap twò long sou yon gran leson maten an . . . Mwen te chache Seyè a, m panse: “Kisa m te ka di?” kòm mwen konnen ke sa ka dènye sèvis nou ke n ap janm genyen. Vini Seyè a tèlman toupre rive!

<sup>10</sup> Mwen wè, apre prediksyon sa a te fèt nan Kalifòni, gen kay laba a, ak plas, k ap anfonse nan yon mezi de trant pou s pa èdtan, bwa k ap fann epi k ap kase. E yo pa konnen kisa k ap fè l. Nou nan fen an. Kay san mil dola, k ap koule. Mwen gen gwo tit nan jounal la, foto, ke m espere pote aswè a, kòm mwen vle pale de on bagay sou sa aswè a.

<sup>11</sup> E, alò, aswè a nou gen priyè pou malad yo. Vini apremidi a, a senkè, sizè, oswa kèlkeswa lè l ye a. Nou pral kòmanse bonè, m sipoze, konsa moun yo ka pati bonè, epi resevwa kat pou lapriyè nou. E nou pral priye pou malad yo aswè a, si Seyè a vle.

<sup>12</sup> Kounye a, apre m fin mande m nan lapriyè: “Kisa m dwe fè?” kòm mwen konnen ke yon jou mwen dwe reponn pou sa m di isi a . . . E mwen deside, oswa m te santi Sentespri a kondui m pou pale maten an sou pwofesi, pou on jan enfòme nou. Ou wè? Se yon bagay ke nou . . . Si nou pa enfòme, epi nenpòt bagay rive jis pa aza, nou ta dwe konnen sa. Sentespri a ban nou li, pou avèti moun yo de sa kap vini yo. Nou konnen, Bib la te di, ke: “Bondye p ap fè anyen sòf si an premye Li montre sèvitè L yo, pwofèt yo.” E—e kijan Jezi te avèti moun yo, kisa k ta pral pase; kijan pwofèt yo te avèti moun yo, sa ta pral pase. E sa nesesè pou nou kounye a, nan gran lè ke n ap viv la, pou n wè nan ki aj n ap viv, e kisa ki riv . . . e kisa ki pral rive nan aj sa a. Kifè youn nan sijè etranj sa yo ke petèt nou te li plizyè fwa, sa te tonbe sou kè m pou—pou m pale ak moun yo sou li maten an.

<sup>13</sup> Kounye a annou vire nan Bib nou yo nan Matye chapit 24 la, epi li yon pòsyon nan Pawòl la [Frè Branham rakle gòj li—Editè a.] (Eskize m.) kòm yon fason pou—pou pran yon kontèks pou téks nou ak sijè nou an.

<sup>14</sup> Kounye a, sonje nou pral anseye sa tankou yon etid nan Bib la, lantman. Pran kreyon nou yo ak papye nou. Mwen gen plizyè Ekriti ki ekri isi a, konsa—konsa nou te kapab ekri sa yo. Apre sa ale lakay nou epi etidyé yo, paske sa se jis tankou yon klas lekòl dimanch, konsa nou te ka konnen, epi jwenn avètisman epi prepare pou lè ke n ap viv ladan yo a.

<sup>15</sup> Nan Liv Sen Matye an, [Frè Branham rakle gòj li—Editè a.] (Eskize m.) vèsè 24, oswa, chapit 24, pito, kòmanse ak vèsè 15 lan, mwen swete li yon pòsyon nan Pawòl Li.

E pwofèt Danyèl te pale sou bagay nou pa ta renmen wè a, bagay k ap bay gwo lapenn lan. Enben, nou gen pou nou wè bagay sa a kanpe kote ki rezève nan tanp lan apa pou Bondye. (Se pou moun k ap li a chache konprann.)

Lè sa a, tout moun ki nan peyi Jide pral blije sove al nan mòn.

Moun ki va sou tèt kay—tèt kay yo, yo p ap bezwen antre pran zafè yo nan kay la.

Moun ki nan jaden pa bezwen tounen lakay yo al pran rechanj.

Lè sa a, se p ap de doulè pou fanm ansent ak nouris yo.

Lapriyè Bondye pou jou n a gen pou n kouri a pa rive ni nan tan fredi, ni yon jou saba.

Paske lè sa a, va gen yon gwo lafliksyon moun pokò janm wè depi nan komansman lè Bondye t ap kreye latè a jouk jòdi a. p ap janm gen yon lòt tankou l ankò.

Si yo pa t wete kèk jou sou jou sa yo, okenn chè pa ta sove. Men, y a wete sou jou sa yo poutèt moun Bondye chwazi yo.

Lè sa a, si yon moun di nou: Gade, men Kris la bò isit, osinon: Men li bò la a, pa kwè li.

Paske lè sa a, gen fo Kris ak fo pwofèt k ap parèt. y a fè anpil mèvèy ak anpil mirak pou twonpe ata moun ki eli yo, si yo ta kapab.

Mwen di nou sa davans.

Se pou si yo di nou: Gade, men l nan dezè a, nou pa bezwen ale. Osinon, si yo di nou: Gade, men l nan chanm sekèrè a, nou pa bezwen kwè yo.

Menm jan zèklè a fè yan, li klere tout syèl la depi bò solèy leve jouk bò solèy kouche, se konsa Fis de lòm lan gen pou l vini.

Kote kadav la va ye a, se la zèg yo va sanble . . .

<sup>16</sup> Kounye a, pou yon sijè, mwen ta renmen pran vèsè 24 la, pou m ensiste sou vèsè sa a pou leson lekòl dimanch nou an maten an. E koute byen pandan mwen reli sa, ankò.

Paske lè sa a, gen fo Kris ak fo pwofèt k ap parèt, y a fè anpil mèvèy ak anpil mirak pou twonpe ata moun ki eli yo, si yo ta kapab.

<sup>17</sup> Kounye a pou yon sijè maten an, oswa yon tèks, pito, mwen vle pran: *Sila Yo Ki Wen Nan Tan Lafen An*. Sa se sijè ke mwen swete pale sou li, oswa tèks la: *Sila Yo Ki Wen Nan Tan Lafen An*.

<sup>18</sup> Mwen kwè ke n ap viv nan tan lafen an. Mwen panse pi fò moun ki... Moun ki li Lekriti a, oswa menm yon—yon kwayan, konnen ke kounye a nou nan fen istwa mond lan. P ap gen okenn itilite pou ekri li, paske p ap gen pèsòn pou li l. Se nan tan lafen an. Jis kilè, mwen pa konnen. Jis konbyen tan sa ap pran, pa menm Anj yo ki nan Syèl la konnen minit sa a oswa lè sa a. Men Seyè Jezi te di nou, ke, lè bagay sa yo ke nou wè kounye a kòmanse rive, alò pou n leve tèt nou paske redanmsyon nou ap pwoche. Kounye a kisa “ap pwoche” vle di, mwen pa konnen. Ka vle di...

<sup>19</sup> Jan syantifik yo te di lòt jou a, sou televizyon an, nan pale de gwo fant ki nan tè a sou plizyè milye kilomèt ki pral koule. Yo te poze l kesyon an: “Li te ka koule la a?” Sa se Los Angeles, Kot Wès la. E anpil nan nou te wè kijan yo te swiv li ak rada, epi sa te monte atravè... sa te fann anba San Jose, sa te travèse nan Alaska, atravè Zile Alewousyèn yo, apeprè desan mil nan lanmè a, epi tounen desann nan San Diego, sa te pase alantou dèyè Los Angeles, epi sa te remonte la a, sa fòme yon gwo pòch.

<sup>20</sup> E tout tranblemandtè sa yo ke nou te genyen se vòlkan an k ap frape gwo twou sa a pi fon, tankou, anndan la a. M pa ka nonmen non ke yo—yo te rele li. Sepandan, lè sekous sa a, ki bay tranblemandtè sa yo ke nou te genyen pandan plizyè lane sou Kot Wès la. Kounye a li fann nan tout viwonn lan. E syantifik yo te di, youn...

Nonm lan te di lòt la: “Sa te ka tonbe?”

Li di: “Pa ‘te ka,’ men l ap tonbe.”

Li di: “Men pa nan jenerasyon nou an, petèt?”

Li di: “Nan pwochen senk minit yo, oswa pwochen senk an. Nou jis pa konn kilè.”

<sup>21</sup> Semèn sa a, yo te voye pou mwen yon gwo tit nan jounal la, de gwo kay san mil dola k ap krake epi k ap fann, moun yo ap bwote ale. E yo pa konn kijan pou yo kanpe l. Pa gen okenn mwayen pou kanpe l. Ou wè, Bondye ka fè kèlkeswa sa L vle a, e pa gen pèsòn ki ka di L kijan pou L fè l.

<sup>22</sup> Nou bati kay, nou ka fè bagay syantifik, epi Bondye se Kreyatè lasyans. Kijan nou pral kanpe Li? Li ka detwi tè a maten an ak pis si L vle. Èske nou reyalize, Li te ka pale pou fè pis vin nan egzistans, epi yo tap fè swasant kat kilomèt pwofondè nan yon demì èdtan, ou wè, pa gen... epi manje moun dwat atè a. Li se Bondye. Li jis fè jan L vle. Li souvren, nan Limenm.

<sup>23</sup> Kounye a, lè m wè tout prèv sa a ki anpile, ke lè ke n ap viv ladann kounye a, mwen panse se yon bon bagay pou repeète bagay sa yo epi desinen yo, depi So yo te louvri, epi dekouvri verite a nan bagay sa yo, kòm Bondye te tèlman fidèl anvè nou, ak gras Li, pou montre nou bagay sa yo.

<sup>24</sup> Mwen vle nou remake isi a nan Matye 24, Jezi te itilize tèm “Kris yo,” K-r-i-s yo, “Kris yo.” Pa Kris, men “Kris yo,” pliryèl, pa sengilye. “Kris yo.” Se poutèt sa, mo *Kris* la vle di “Sila ki wen an.” E alò si se “wen,” p ap sèlman gen youn, men anpil wen, “sila yo ki wen.” Ou wè?

<sup>25</sup> Osinon, si Li te vle detaye l konsa nou t ap plizoumwen konprann li pi byen, Li tap di: “Nan dènye jou yo va gen fo, moun ki wen ki va parèt.” Kounye a, sa sanble prèske enposib, ou wè, tèm “wen” yo. Men remake pwochen mo yo menm, “ak fo pwofèt yo,” p-w-o-f-è-t yo, pliryèl.

<sup>26</sup> Kounye a, *sila ki wen*, se: “youn ak yon mesaj.” E sèl fason mesaj la ka prezante se pa youn ki *wen*, e sa tap yon pwofèt, *wen*, “pral gen fo anseyan wen k ap parèt.” Yon pwofèt anseye sa mesaj li a ye. Anseyan wen yo, men moun ki wen ak fo anséyman. Sila yo ki wen, “Kris yo,” pliryèl; “pwofèt yo,” pliryèl. E si gen yon bagay konsa tankou yon—yon Kris, sengilye, alò sila yo ta dwe “sila yo ki wen,” ke pwofesi yo de sa yo tap anseye a tap diferans lan, paske yo se moun ki wen, wen.

<sup>27</sup> Kounye a, se yon lesion lekòl dimanch, nou vle eseye pote sa nan yon vrè konfwontasyon, pa Lèzekriti, pa ak sa yon lòt moun di sou sa, men jis nan li Lèzekriti.

Nou ka di: “Kijan sa ka fèt? Èske sila yo ki wen tap . . . ? Kisa yo te ye?”

“Kris yo,” K-r-i-s yo. “Kris wen yo, ak fo pwofèt yo.” Sila yo ki wen, men fo pwofèt!

Jezi te di, ke “lapli a tonbe sou jis la ak enjis la.”

<sup>28</sup> Kounye a, yon moun te ka di m: “Èske w kwè ke onksyon sa a sou moun sa yo vle di ke se onksyon Sentespri a?” Wi, mesye, Sentespri otantik Bondye a sou yon moun, e poutan yo fo.

<sup>29</sup> Kounye a koute avèk atansyon epi wè kisa Li te di. “E yo va montre siy ak mèvèy, nan pwen ke sa tap twonpe Eli yo menm si sa te posib.” E yo wen ak Sentespri otantik la. Mwen konnen sa parèt fou anpil, men nou pral pran tan epi eksplike l pa Pawòl la, ke se absoliman ENSI DI SEYÈ A, Verite a.

<sup>30</sup> Kounye a ann tounen nan Bib nou yo, jis on minit, nan Matye chapit 5 la, epi kòmanse ak vèsè 45 lan—lan, epi wè kounye a antan n ap li pou kèk moman Ekriti sa yo. Epi, apre nou rive isi a, enben, n ap ba nou . . . Konsa noumenm, si nou pa reyisi li yo tout, alò pran Bib nou; epi—epi tou nou ka li yo apre nou kite isi a epi nou al lakay nou, epi—epi nou li sa Bib la di sou sa.

<sup>31</sup> Kounye a ann pran tan nou, pou jwenn yon—yon fè ki alabaz, paske m ap fè yon deklarasyon isi a ki etonan. Kijan Sentespri a ka wen yon fo anseyan? Men se sa Jezi te di ki tap rive.

Kounye a, Matye, chapit 5 lan, vèsè 45 lan, ann li kounye a. Ann pran, kòmanse yon—yon tikal dèyè l, 44 la.

*Men mwen menm, men sa m ap di nou: renmen tout lènmi nou yo, beni sila yo ki modi nou, fè byen a sila yo ki rayi nou, . . . lapriyè pou moun k ap maltrete nou, epi k ap pèsekite nou.*

*Se konsa n a tounen pitit Papa nou ki nan syèl la. Paske, li fè solèy la leve ni pou moun ki mechan ni . . . moun ki bon. Li fè lapli tonbe ni pou moun k ap fè sa ki byen ni . . . moun k ap fè sa ki mal. (Lapli a tonbe sou moun ki fè sa ki mal menm jan ak moun ki fè sa ki byen.)*

<sup>32</sup> Kounye a pou kontinye sa a, pou yon lòt pwofesi ki asosye a sa a, se pou nou vire kounye a nan Ebre chapit 6 la, paske pwochen vèsè ki kontinye sou sa a, kote Pòl raple menm bagay la ke Jezi te di. Pòl, k ap pale kounye a. Pandan n ap chache li . . . Epi noumenm laba nan emisyon radyo a, pwoche Bib nou yo ak yon moso papye, epi al verifye sa kounye a. Ebre, chapit 6 la, Pòl ap ekri Ebre yo, ap montre yo lonbray yo ak tip yo, ap fè yo soti anba Jidayis mennen yo nan Kretyènte, ap montre yo ke kijan tout ansyen bagay yo te jis reprezante davans bagay ki te dwe vini yo. Pòl k ap pale kounye a, Ebre 6.

*Se sak fè, ann grandi toujou pou n ka vin gramoun nan konfyans nou. Ann kite déyè premye konesans yo te ban nou sou Kris la (K-r-i-s, sengilye). Nou pa pral rekòmanse ankò ap poze premye baz travay la: nou pa pral di nou ankò jan nou dwe chanje lavi nou, jan nou dwe wete konfyans nou te gen . . . zèv ki pa vo anyen yo pou n mete l anvè Bondye.*

*Non, nou pa pral pale nou ankò sou batèm . . . , sou sèvis pou mete men sou tèt moun ki kwè yo, sou keksyon lè moun mouri yo va leve, sou jijman ki p ap janm kase a.*

*Se sa nou pral fè koulye a, si Bondye penmèt nou sa.*

*Paske li enposib pou moun ki te resevwa limyè Bondye a yon fwa dejà, yo te goute kado Bondye te ba yo a, yo te resevwa posyon pa yo nan Sentespri Bondye a.*

<sup>33</sup> Mwen vle atire atansyon nou jis yon minit. Èske nou te remake? Sa se “kado”; e se pa “kado yo, patisipan nan kado selès yo”; men, “kado selès la,” sengilye; “Kris,” sengilye; “kado,” sengilye.

*. . . kado Bondye te ba yo a, . . . te resevwa pòsyon pa yo nan Sentespri a.*

*Yo te goute pawòl Bondye a, . . . (te goute nan kisa?) . . . pawòl Bondye a, Yo te santi nan lavi yo pouvwa k ap travay nan tan k ap vini an.*

*Apre sa, si yo voye konfyans yo nan Bondye jete, pa gen mwayen pou yo tounen vin jwenn Bondye ankò. Paske,*

*yo klosure Ptit Bondye a yon dezyèm fwa sou kwa a. Yo fè l wont devan tout moun ankò.*

*Lè (koute) yon tè bwè dlo lapli ki tonbe anpil sou li, si li pouse plant ki ka sèvi moun k ap travay li a, Bondye ap beni li.*

*Men, si li pouse pikān . . . pengwen, li pa vo anyen. Bondye riske ba l madichon. Lè sa a, yo ka boule li.*

<sup>34</sup> Kounye a konpare sa a ak Matye 5:24 ankò. Remake, Jezi te di lapli a ak solèy la vin sou tè a, ke Bondye voye l pou prepare manje a ak bagay yo pou moun ki sou tè a. E lapli a te voye pou manje a, zeb yo. Men, vye zèb yo, move zèb, ki nan chan an, resevwa menm bagay la. Menm lapli a ki fè ble a pouse se menm lapli a ki fè move zèb yo pouse.

<sup>35</sup> Ala m te gen yon lesion konsa sou sa a yon fwa, lè m te fèk rankontre moun Pannkotis yo! E se te yon gran lesion pou mwen. Mwen te wè de mesye, youn . . . M pat janm tande pale an lang anvan. Youn te pale an lang, lòt la entèprete li, vis vèsa. E se te laverite a, sa te di ke “gen anpil isi a ki ta dwe repant aswè a. Gen fanm ak gason, toude.” E moun tap leve epi ale alòtèl.

M te panse: “Ala glorye!”

<sup>36</sup> Epi ak ti don Sentespri a, mwen te pale ak mesye sa yo, jis, nou konn kijan, nan disèneman, jis yon ti fason pou chache konnen. Epi youn nan yo te yon Kreyen otantik, epi li te yon vrè sèvitè Kris, epi lòt la te yon ipokrit. Epi youn nan yo, sila ki te yon ipokrit la, tap viv ak yon fanm ak cheve nwa, ap kouri la a ak yon blonn epi te gen pitit avè l. Ebyen, se te la menm nan vizyon an; sa pat ka demanti. E m te pale avè l sou sa. Li te gade m epi te mache fè tou biling lan.

<sup>37</sup> Kounye a m te nan konfizyon, se sèten. M te panse mwen te vin jwenn zanj, lè sa a mwen te mande tèt mwen si mwen pat nan mitan demon. Kijan sa te ka fèt? Mwen pat ka konprann li. E pandan plizyè lane mwen pat okipe m de sa, jouk yon jou kote . . .

George Smith, ti gason k ap soti ak pitit fi m lan, nou t ale yè, kote ki gen ansyen moulen an kote m al priye a.

<sup>38</sup> E apre mwen te anndan la a pandan kèk jou, Sentespri a te tounen pote Ekriti sa a pou mwen: “Paske lapli a tonbe souvan sou tè a pou abiye l ak zèb, men pikān ak chadwon viv pa menm lapli sa a, e lafen yo se pou yo boule.” Y ap viv pa menm resous lavi Bondye bay la. Apre sa mwen te konprann, ke: “Pa,” Jezi te di: “se pa fwi yo ke y ap konnen yo.”

<sup>39</sup> Kounye a, se poutèt sa, lapli k ap tonbe desann sou plant natirèl latè a, se yon tip de lapli Espirityèl ki bay Lavi Etènèl, k ap tonbe desann sou Legliz la, paske nou rele li lapli premye sezon an ak lapli dènye sezon an. E se yon lapli, kap vide sot nan Lespri Bondye, sou Legliz Li.

<sup>40</sup> Remake, se yon bagay etranj anpil isi a. Ou wè? Lè semans sa yo te ale nan tè a, kèlkeswa jan yo te rive la a, yo te pikan pou kòmanse. Men men ble a ki te ale nan tè a, ak zèb yo, se te zèb pou kòmanse. E chak zèb antan l ap repwodwi tèt li, te montre ke li te nan kòmansman orijinèl la.

<sup>41</sup> “E yo va twonpe moun ki Eli yo si sa te posib,” paske y ap pran menm lapli a, menm benediksyon an, y ap montre menm siy yo, menm mèvèy yo. Ou wè? “Y ap twonpe, oswa va twonpe Eli yo si sa te posib.” Kounye a, yon pikan pa ka anpeche pou l yon pikan, e nitou ble pa ka anpeche pou l yon ble; se sa Kreyatè chak gress te detémine nan kòmansman an. Sa se Eli yo. Menm lapli a!

<sup>42</sup> Solèy la leve yon jou maten epi blayi sou tè a, jan l te fè pou tè sa a ak jou ke n ap viv la. E solèy la, menm solèy ki leve nan Lès se menm solèy la ki kouche nan Lwès. E solèy sa a voye pou fè gress lan vin mi sou tè a, sa kò nou fèt avèk li a.

<sup>43</sup> N ap viv pa sibstans ki mouri. Se sèl fason nou ka viv. E si yon bagay dwe mouri chak jou pou nou viv, natirèl, alò èske se pa vre ke si kò nou—nou dwe viv pa sibstans ki mouri, pou lavi natirèl, alò nou dwe gen Yon Bagay ki mouri, espirityèlman, pou sove lavi espirityèl nou. E Bondye, te vin materyèl, lachè, epi te mouri konsa nou te ka viv. Pa gen legliz, nanopwen lòt bagay nan mond lan ki ka sove nou ke Bondye. Sa se sèl bagay ke yo viv pa li.

<sup>44</sup> Kounye a pakouri Lèzekriti. Jezi se Pawòl la. “Nan kòmansman an se te Pawòl la. E Pawòl la te fèt chè epi te abite nan mitan nou. Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te ak Bondye. E Pawòl la te fèt chè, epi Ki te viv, te abite nan mitan nou.” “E lòm p ap viv ak pen sèlman,” pou fizik la, “men pa chak Pawòl ki soti nan bouch Bondye.” Alò, nou wè, nou viv pa Pawòl la, e sa se Bondye.

<sup>45</sup> Kounye a solèy la vini epi fè gress lan vin mi. Kounye a, li pa ka fè l vin mi yon sèl kou. Ofiamezi, nan vin mi, li fè l vin mi san rete jiskaske li vin yon epi nèt.

<sup>46</sup> Se konsa l ye, jodi a, ak Legliz la. Li te kòmanse nan debi li, anvan nan laj fènwa a, kote li te anba tè. Li grandi kounye a nan vin mi. Epi nou ka wè li, pafètman, kijan ke Bondye atravè lanati tout tan . . .

<sup>47</sup> Nou pa dwe deranje lanati. Se sa k pwoblèm lan jodi a. N ap lanse bonm, epi deyò la nan lanmè sa a, ap kraze li epi detwi li la a ak bonm atomik. Nou jis ap detache plis moso nan tè sa a tout tan, nan lanse sa ladan l. Koupe pyebwa yo; tanpèt yo ap siprann nou. Mete baraj nan flèv la; l ap debòde.

<sup>48</sup> Nou dwe jwenn fason Bondye fè bagay yo epi rete ladan l. Atravè denominasyon yo nou fè moun yo antre nan legliz yo ak òganizasyon yo; gade sa nou rekòlte! Rete nan fason Bondye bay la pou sa.

<sup>49</sup> Men, nou wè, “Li voye lapli a,” pou nou tounen nan sijè nou, “sou jis la ak enjis la.” Jezi di nou isi a kounye a, nan Matye 24, se tap yon siy nan tan lafen an.

<sup>50</sup> Bon, si pou yo konnen siy sa a sèlman nan tan lafen an, alò sa pral dwe apre ouvèti So sa yo. Ou wè? Se yon siy lafen. Sa tap, lè bagay sa yo rive, l ap nan tan lafen an. E l ap yon siy, kounye a, konsa Eli yo p ap nan konfizyon nan bagay sa yo. Nou wè li? Alò, li dwe revele, devwale.

Remake, toude ni ble a ni move zèb yo viv pa menm Onksyon ki sot nan Syèl la. Toude yo rejwi sou Li.

<sup>51</sup> Mwen sonje sa, nan pale ankò de ensidan sa a anwo la a jou sa a nan Green's Mill. Mwen—mwen te wè vizyon sa a ki vini. Epi te gen yon gran tè, epi li te sakle nèt. Epi te gen yon Semè ki t ale, an premye. Mwen vle kenbe sa devan nou. Gade kisa ki ale an premye, apre sa kisa ki swiv li. Epi antan Nonm abiye an blan sa te vini soti nan lòt bò tè a, ap simen semans, apre sa yon nonm vin dèyè Li, rad nwa sou li, li te sanble li anbachal anpil, li te glise dèyè Li, ap simen move zèb. E pandan sa tap pase, apresa mwen te wè toude rekòt yo leve. E pandan yo leve, youn se te ble epi lòt la se te move zèb.

<sup>52</sup> Epi gen yon sechrès ki vini, ke lè, te sanble, toude yo te gen tèt yo bese jis ap kriye pou lapli. Apre sa gen yon nyaj ki vini sou latè, epi lapli te tonbe. Epi ble a te leve epi l te di: “Louwanj pou Seyè a! Louwanj pou Seyè a!” Epi move zèb yo te leve epi yo te rele: “Louwanj pou Seyè a! Louwanj pou Seyè a!” Menm rezulta yo. Toude yo tap peri, toude yo tap mouri. Epi ble a vini epi li vin swaf. E paske se te nan menm chan an, menm jaden an, menm plas la, anba menm jè dlo a, men ble a leve epi men vye zèb yo leve pa menm bagay la menm. Remake, menm dlo wen an pwodwi ble a, pwodwi move zèb la.

<sup>53</sup> Menm Sentespri a ki bay Legliz la lonksyon, ki ba yo dezi pou sove nanm, ki ba yo pouvwa pou fè mirak, Li tonbe sou enjis lan menm jan ak jis la. Menm Espri a menm! Kounye a, nou pa ka fè l yon lòt fason epi konprann Matye 24:24. Li te di: “Pral gen fo Kris ki parèt,” fo sila yo ki wen. Wen ak Bagay otantik la, men yo se fo pwofèt pou Li, fo anseyan pou Li.

<sup>54</sup> Kisa k fè yon nonm ta vle yon fo anseyan de yon bagay ki se Verite? Kounye a n ap desann nan mak bêt la nan kèk minit, epi n ap wè se denominasyon. Ou wè? Fo anseyan; yon fo wen. Kris wen yo, men fo anseyan. Se sèl fason nou ka wè li.

<sup>55</sup> Jis tankou isi a sa fè kèk tan, mwen te rakonte sa. Mwen te ka rakonte l paske nou konekte atravè nasyon an. Yon jou mwen tap pale ak yon zanmi m, kote sa vini maten an, nan Arizona. Epi li te gen yon—yon fèm ak fwi fanmi sitwon. Epi li te gen yon pyebwa la a ki te yon pye zoranj ki tap pote chadèk, ak sitwon, mandarin, tanjelo. Epi mwen blyie konbyen fwi diferan ki te gen sou gress

pyebwa sa a. Epi m te di mesye a—a—a, mwen te di: “Kijan sa fèt? Ki kalite pyebwa sa ye?”

Li di: “Pyebwa a limenm, se yon pye zoranj.”

Mwen di: “Kòman fè li gen chadèk sou li? Poukisa li gen sitwon sou li?”

Li di: “Yo grefe ladan l.”

<sup>56</sup> Mwen di: “Mwen wè. Ebyen, kounye a,” mwen di, “kounye a, ane pwochèn lè pyebwa sa pwodwi yon lòt rekòt fwi,” ke yo tout vin mi apreprè an menm tan, mwen di, “alò l ap pwodwi zoranj nèt. Si se yon pye zoranj navèl, l ap pwodwi zoranj navèl, pa vre, mesye?”

Li di: “Non, mesye. Chak branch ki grefe ap pwodwi selon espès li.”

Mwen di: “Ou vle di ke tij sitwon an ap pwodwi yon sitwon apati de pye zoranj sa a?”

Li di: “Wi, mesye.”

“Èske chadèk la ap pwodwi yon chadèk apati de pye zoranj sa a?”

Li di: “Wi, mesye. Sa se nati branch ki grefe ladan l lan.”

Mwen di: “Louwanj pou Bondye!”

Li di: “Kisa w vle di?”

Mwen di: “Yon kesyon ankò. Kounye a, èske pye zoranj sa a ap janm pwodwi zoranj ankò?”

<sup>57</sup> Li di: “Lè li va fè yon lòt branch pouse soti.” Lè li fè yon lòt branch pouse, pa lè youn grefe nan li. Men, yo tout se fwi fanmi sitwon, e yo viv apati de vi fwi fanmi sitwon an ki nan pyebwa fanmi sitwon an.

<sup>58</sup> Mwen di: “Apa nou! Metodis la ap pwodwi Metodis, chak fwa. Batis la ap pwodwi Batis, chak fwa. Katolik la ap pwodwi Katolik, chak fwa. Men Legliz Bondye vivan an ap pwodwi Kris apati de rasin lan, Pawòl la chak fwa, si li janm fè yon lòt branch pouse pou Pwòp pa li.”

<sup>59</sup> Kounye a, nou ka grefe l anndan la a, nou wè. Chak chadèk, sitwon, tanjelo, mandarin, kèleswa fwi fanmi sitwon yo ye a, yo chak ka viv nan pyebwa sa a; men pote fo temwen de pyebwa a, kap viv pa pyebwa a. Nou wè li? Y ap viv epi y ap grandi sou vi otantik ki nan pyebwa sa a.

<sup>60</sup> Kounye a, men Matye 24:24, y ap viv pa menm Lavi a, men yo pat kòrèk, nan kòmansman an. Y ap pote fo temwayaj de Pyebwa sa a! Se yon pye zoranj, poutan se yon pyebwa fanmi sitwon. Epi yo di: “Legliz sa a, denominasyon sa a ap rann temwayaj pou Kris.” Epi yo gen yon fo batèm, fo temwen de Pawòl la, ap eseye di ke pwisans Bondye se te sèlman pou disip yo?

<sup>61</sup> Jezi, Limenm, te di: "Ale nan tout mond lan epi preche Levanjil la bay chak branch k ap toujou... pyebwa k ap toujou pwodwi, chak branch k ap nan pyebwa a. E siy sa yo va swiv branch ki otantik yo." Ki kote? Toutotan se yon Pyebwa, toutotan Li fè branch pouse, jouk nan fen mond lan. "Nan Non Mwen yo va chase demon; pale novo lang; pran sèpan; bwè bagay mòtel; poze men sou malad yo epi yo va geri." Ou wè lè n ap viv la? Ou wè kisa Jezi te di?

Sonje, sa se te nan tan lafen an, pa nan epòk Wesley epi nan tan lontan. Se kounye a, nan tan lafen an, sa te dwe pase.

<sup>62</sup> Kounye a obsèvè Lèzekriti; kite Yo temwaye. Jezi te di: "Fouye Lèzekriti, paske nan Yo nou panse, oswa kwè, ke nou gen Lavi Etènèl, e Yo se Sila yo ki temwaye de Mwen." Nan lòt mo, si pyebwa sa a jam pwodwi yon branch... "Mwen se Pye Rezen an, Pyebwa a; nou se branch yo. Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo li va fè yo tou," Sen Jan 14:12.

Kounye a: "Sila ki rete nan Mwen, sila ki... limenm ki te nan rasin Mwen nan kòmansman an."

<sup>63</sup> Se pou rezon sa a Jezi te toude Rasin lan ak Desandan David la. Li te anvan David, nan David, epi apre David, toude Rasin ak Desandan David; Zetwal Maten an, Woz Sawon an, Lis Vale a, Alfa ak Omega; Papa, Ptit, ak Sentespri. "nan Li tout plenitud Divinite a abite kòporelman." Toude Rasin ak Desandan David!

<sup>64</sup> "Sila ki se Lavi eli a, Lavi predestine a, ki nan Mwen," e Li se Pawòl la, "depi nan kòmansman an; lè li va vini, l ap pote fwi M yo." Sen Jan 14:12.

Men lòt yo ap viv pa menm bagay la, ap rele tèt yo Kretyen ak kwayan. "Se pa tout ki di: 'Seyè, Seyè,' k ap antre."

Kounye a, sa dwe pase epi manifeste nan dènye jou yo, "lè mistè Bondye yo ta dwe fini," jan n ap rive ladann on ti kras pita.

<sup>65</sup> Pyebwa sila yo, viy ki vrè a ak viy ki fo a! Nou te tande m preche sou sa depi, sa fè plizyè lane, kijan yo te grandi ansanm. M te montre yo nan plizyè endividé epi m te montre ke, depi Kayen ak Abèl, de viy yo ki te rankontre devan yon lotèl; toulède relijye, toulède wen, toulède dezire lavi, epi ap adore menm Bondye a. E yo te rejte youn epi yo te aksepte lòt la.

<sup>66</sup> E sèl fason ke sila yo te aksepte a te ka fè yon bagay diferan de frè li: sa te revele ba li. Paske Bib la di: "Pa lafwa..." Ebre, chapit 11 lan: "Pa lafwa Abèl te ofri Bondye yon sakrifis ki pi ekselan pase pa Kayen an, ke Bondye te temwaye ke li te jis."

Jezi, te di, revelasyon espirityèl de Kimoun Li te ye! "Kimoun lòm di ke Mwen menm Fis de lòm lan ye?"

Li te di, Pyè te di: "Ou se Kris la, Ptit Bondye vivan an."

<sup>67</sup> "Se pou w beni, Simon—Simon, ptit gason Jonas; lachè ak lesan pat janm revele w sa. Papa M ki nan Syèl la revele w li. Sou

wòch sa a M ap bati Legliz Mwen,” (kisa?) vrè revelasyon Pawòl la. Men vrè Viy lan anko. “Abèl, pa lafwa!”

Ou di: “Se pat yon revelasyon.”

<sup>68</sup> Kisa ki lafwa? Lafwa se yon bagay ki revele ba ou; se poko sa, men ou kwè l ap fèt. Lafwa se yon revelasyon de volonte Bondye a. Kidonk, pa revelasyon!

<sup>69</sup> E legliz yo jodi a pa menm kwè nan revelasyon espirityèl. Yo kwè nan ansèyman yon dògm ki soti nan kèk sistèm. “Pa revelasyon Abèl te ofri Bondye yon sakrifis ki pi ekselan ke pa Kayen an, ke Bondye te temwaye li te jis.” Amèn. Mwen espere nou wè sa a. Ou wè kote n ap viv la? Ou wè lè a?

Mwen tap pale ak yon—yon mesye sa pa fè lontan, yon Kretyen kiltive epi elegan. Li di: “Mesye Branham, nou refize tout revelasyon.”

Mwen di: “Alò ou dwe refize Jezikri, paske Li se revelasyon Bondye a, Bondye revele nan lachè imen.” Sòf si ou wè li, ou pèdi.

<sup>70</sup> Jezi te di: “Sòf si nou kwè ke Mwen se Sila a, n ap mouri nan peche nou.” Li se revelasyon Bondye a, Lespri Bondye revele nan fòm imen. Si nou pa ka kwè sa, nou pèdi. Si nou mete Li yon twazyèm pèsòn, dezyèm pèsòn, oswa nenpòt lòt pèsòn apa Bondye, nou pèdi. “Sòf si nou kwè ke Mwen se Sila a, n ap mouri nan peche nou yo.” Yon revelasyon!

<sup>71</sup> Sa pa etonan yo pa ka wè Li. “Pa gen moun ki ka vin jwenn Mwen sòf si Papa M atire li. E tout sa Papa a ban Mwen,” nan rasin yo, “ap vin jwenn Mwen.” Ou wè? Nou konprann li? O, ala nou ta dwe renmen Li, adore Li, louwe Li; pou wè fwi Lespri a nan dènye jou yo, ak Pyebwa Lepouz la k ap miri nan tèt tan an!

<sup>72</sup> Vrè viy lan ak fo viy lan, toude te gen menm onksyon an. Dlo a te tonbe sou toulède. Se pa etonan Li te avèti nou: “Li tap twonpe Eli yo menm si sa te posib.”

Remake, yo sanble menm jan an. Yo te wen menm jan an. Men remake: “Pa fwi yo . . .” Kijan nou te konnen li?

<sup>73</sup> Kijan nou konnen ke sa pa yon zoranj? Paske l ap pote yon chadèk. Viy sa a kòrèk, l ap viv nan pyebwa a, men l ap pote yon chadèk. Li pa tankou premye a.

<sup>74</sup> E si yon legliz di yo “kwè Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” epi renye Pwisans Li, renye zèv Li, renye Pawòl Li; si—si . . . Legliz la ki kwè nan Jezikri, va fè zèv Jezikri yo, li va gen Lavi Jezikri a. E si li pa fè sa, sa pa enpòtan si Lavi a ap koule nan li, si li pa predestine, depi nan rasin yo, l ap pote chadèk chak fwa, oswa yon bagay diferan. Men si se Lavi predestine a, nan rasin yo, l ap pwodui Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, si se Pawòl la k ap monte nan Rasin lan. E ke, Li se Rasin lan, kòmansman tan an.

<sup>75</sup> Remake, men se sa yo pwodui a ki di nou diferans lan. “Pa fwi yo,” Jezi te di: “nou va konnen yo.” “Yo pa keyi rezen nan yon chadon,” menmsi chadon an ta nan pye rezen an menm. Sa te ka posib, men fwi a va di sa.

<sup>76</sup> Kisa fwi a ye? Pawòl la, pou s- . . . fwi a pou sezon an. Se sa 1 ye, ansèyman yo. Ansèyman kisa? Ansèyman pou sezon an, ki lè li ye. Doktrin lòm, doktrin denominasyonèl, men, oswa Pawòl Bondye pou sezon an?

<sup>77</sup> Kounye a, tan an prale tèlman vit, ke nou ta ka rete sou sa pandan lontan. Men mwen sèten ke noumenm ki preznan isi a, e mwen sèten noumenm atravè nasyon an, nou ka wè kisa m ap eseye di nou, paske nou pa gen twòp tan ankò pou rete sou li.

<sup>78</sup> Men nou ta ka wè ke Onksyon an rive sou enjis la, fo anseyan yo, e lakòz yo fè eggakteman sa Bondye te di yo pa fè; men y ap fè 1, kanmenm. Poukisa? Yo pa ka anpeche li. Kijan yon chadon ka yon lòt bagay ke yon chadon? Sa pa enpòtan ki kantite bon lapli ki wouze li, li dwe yon chadon. Se pou rezon sa a Jezi te di: “Y ap tèlman pwòch ke li tap twonpe Eli yo menm,” ki nan rasin yo, “si sa te posib,” men sa pa posib. Yon ble pa ka fè anyen ke pwodui ble; se tout sa l ka pwodui.

<sup>79</sup> Remake. Sonje, Bondye se pa otè òganizasyon. Se dyab la ki otè òganizasyon. Mwen pwouve sa pa Pawòl la, nan tout sans, epi ankò e ankò; nou p ap gen pou antre nan sa maten an. Nou konnen ke Bondye pat janm òganize moun yo ansanm konsa, fè yon òganizasyon. Plizyè santèn lane apre lanmò dènye disip la, anvan yo te janm gen premye òganizasyon an. Sa toujou pwouve se yon echèk. Si se pa sa, poukisa nou pa ini nan renmen ansanm jodi a, Metodis, Batis, Presbiteryen, Katolik ak tout rès lòt yo? Poukisa zèv Bondye yo pa swiv nou, alò, ak chak legliz ki lye ak menm bagay la, Pawòl la? Bagay sa yo ki separe lòm, fraternité . . . Nou pi lwen Bondye pase nou te janm ye, an palan de legliz yo.

<sup>80</sup> Kounye a, yo te di nou ke “tout ansyen bagay yo te rive pou sèvi egzanp, pou enstwi nou, konvenk nou, korije nou.” Sa vle di ke tout ansyen bagay yo nan Ansyen Testaman an te rive, kòm lonbraj, pou wè sa ki tap fèt nan Nouvo Testaman an, nan jou pa nou an.

<sup>81</sup> Jis tankou si w pat janm wè men w, epi ou te gade epi w te wè yon lonbraj sou miray la, tankou men m tap ye nan limyè a. Si 1 gen senk dwèt isi a nan yon lonbraj (lè negatif lan), epi w bouje men w nan direksyon (ki se pozitif la), nan direksyon—nan direksyon negatif la, li dwe vini nan senk dwèt.

<sup>82</sup> Menm jan Bib la di nou, ke “Ansyen Testaman an etan yon lonbraj, tip de nouvo bagay yo, oswa bagay ki te dwe vini yo; pa bagay yo menm ki la, men se yon lonbraj, yon tip de bagay ki dwe vini yo.”

<sup>83</sup> Annou tounen epi wè si bagay sa a te toujou la nan nenpòt lòt aj. Èske nou vle? [Asanble a di: "Amèn."—Editè a.] Kifè n ap konnen, pou pwouve sa, nan tout sans, pa Pawòl la; pa pa kèk lide lòm, kèk teyori.

<sup>84</sup> Sa pa gade m kimoun li ye; nenpòt lòt moun, mwenmenm oswa nenpòt lòt moun, "Si li pa pale selon lalwa ak pwofèt yo, pa gen Limyè nan li." Ou wè? Se sa Bib la di. "Kite chak pawòl lòm pou l yon manti, epi Pa M lan pou L vre," kèlkeswa moun li ye a.

Kounye a ann tounen epi chache konnen si sa te janm rive, pou montre nou yon egzanp.

<sup>85</sup> Nou ta ka tounen nan Liv Egzòd la kounye a, epi pale de yon pèsoraj ki rele Moyiz, ki te yon pwofèt wen ke Bondye te voye, ak Pawòl Bondye a epi volonté Bondye pou jenerasyon li a. Kòm Pawòl Bondye toujou fonksyone nan kontinuite, Li te di: "Li pat fè anyen jiskaske Li te revele L bay pwofèt Li yo an premye." Apre sa L te fè l. En-en.

Kounye a, Li pa ka bay manti. Li pa ka bay manti epi pou L Bondye. Non, mesye. Li dwe rete vrè. Pa gen manti nan Li. Li se...

<sup>86</sup> E Li pa ka chanje L. Si L fè sa, alò Li pa Bondye; Li te fè yon erè. Li dwe enfini. E enfini pa ka fè yon erè. Ou wè? Kifè sa Bondye janm di, se vre Etènèlman. Ou wè? E Li te pwomèt sa. Kifè, gade, pa gen pyès kote nan Bib la pou l pa swiv kontinuite dwat ladan l.

<sup>87</sup> Kounye a, Bondye te pwomèt Abraham ke semans li tap yon etranje nan yon—nan yon peyi etranje pandan katsan lane, epi alò Li tap fè l soti ak yon gwo men pwisan ak pouvwa, montre siy Li ak mèvèy Li nan mitan pèp la ke yo te abite avè l la. Tan pwomès la te pwoche. Moun yo te blyiye sa. Yo te gen Farizyen ak Sadiseyen, e latriye, denominasyon. Men, toudenkou, men Bondye vini poukout Li epi apa, sou deyò, lwen yo chak.

<sup>88</sup> Bondye pat janm, nan okenn jou oswa nan okenn moman, rele yon pwofèt sot nan yon denominasyon. Non, mesye. Li tap tèlmàn tòdye, li pa tap ka fè l; li tap dwe rete avèk denominasyon sa a.

<sup>89</sup> Moyiz, yon nonm ke Bondye te voye, ak Pawòl Bondye a, e nan vwayaj li pou l mennen Izrayèl nan tè pwomès la, strikteman ak kòmandman Bondye a, li te rankontre yon lòt pwofèt, yon lòt moun wen ki te gen yon onksyon otantik de menm Sentespri a ki te sou Moyiz. Se vre. Li te yon pwofèt. Sentespri a te sou nonm sa a. Non Li se te Balaam. Nou tout konnen l. Ebyen, bagay yo menm, menm lan, bagay yo—bagay yo ke nonm lan te di, toujou ap pase, apeprè de mil uisan lane de sa. "Ou tankou yon likòn, O Izrayèl. Moun ki beni w la ap beni. Moun ki modi w la ap modi. Fòs ou, pwisans ou, ala tant ou yo jis, O Jakòb!" Ou wè, li pat ka anpeche tèt li. Li vini la ak entansyon nan kè l pou l modi pèp la.

<sup>90</sup> O, noumenm fo anseyan k ap koute bann sa yo pandan tout lane sa yo, epi k ap wè Bondye konfime egzakteman sa L te di a, epi nou chita nan biwo nou epi nou konnen se Laverite; epi poutèt diferans denominasyonèl nou yo, nou diskite sou yo epi di moun nou yo yo pa sa. Malè a nou! Tan nou toupre rive.

<sup>91</sup> Balaam, ki te wen ak menm Lespri ki te sou Moyiz la. Kisa ki te diferans lan? Ansèyman Moyiz la te pafè. Bib la te di isi a nan De Pyè, ke se te “ansèyman Balaam lan” ke Izrayèl te resevwa, ke Bondye pat janm padone. Yon peche ki pa padone! Pa gen youn nan yo ki te sove, menmsi yo te soti anba benediksyon Bondye yo, epi yo te wè men Bondye k ap bouje pa pwofèt puisan sa a, epi yo te wè l egzakteman ki konfime pa Bondye. E, paske, yon lòt pwofèt vini ak yon ansèyman, kontrè, epi diskite ak Moyiz, epi te eseye pwouve moun yo ke Moyiz te antò. E Dathan, Kore, ak anpil nan yo, te dakò avè l epi te anseye pitit Izrayèl yo pou komèt fònikasyon, pou al deyé òganizasyon li a, ki se: “Nou tout se menm.”

“Kit nou se Metodis, Batis, Presbiteryen, oswa Pannkotis, epi kisa ankò, nou tout se menm.”

<sup>92</sup> Nou pa menm! Nou se yon pèp separe, sen pou Seyè a, dedye pou Pawòl la ak Lespri Bondye a, pou pote fwi pou pwomès Li nan jou sa a. E nou pa sot nan yo! Mwen konnen sa fò anpil, men se Laverite jis menm jan an. Dedye pou yon sèvis nan dènye jou sa yo! “Soti nan mitan li.”

<sup>93</sup> Bon, “ansèyman Balaam lan,” pa pwofesi Balaam lan. Sa te kòrèk. Sa se te Bondye. Konbyen moun ki kwè sa? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Pwofesi Balaam lan te egzakteman vrè, paske li pat ka pale anyen lòt. Onksyon Bondye a pa tap pale anyen lòt, e Bondye te konfime li pa pwouve se te Laverite. Men se te “ansèyman Balaam lan.”

Kounye a konpare sa ak Matye 24:24. Sila ki wen yo, men ansèyman yo fo. Trinite yo, ak tout bagay konsa; fo, antikris!

<sup>94</sup> Mwen espere santiman nou yo pa vin blese. E pa fèmen sa, telefòn sa yo. E pa leve epi soti. Jis ret trankil, epi ann wè si Sentespri a p ap revele l ban nou, epi pwouve nou li. Nou di: “Men sa . . .” Jis kèlkeswa sa nou kwè a, jis ret trankil epi koute. Epi mande Bondye pou louvri kè nou, apre sa n ap dekouvri si nou se yon plant a pikant, oswa yon chadon, oswa kèlkeswa kote nou kanpe a. Ou wè?

<sup>95</sup> Kounye a, menm Jida, “te òdone davans pou kondanasyon li te ye a,” li te la a devan Jezi. Epi Jezi te di l: “Ou se sila a. Kèlkeswa sa w pral fè a, epi kèlkeswa sa w gen pou fè a, al fè l vit.” Limenm ki te konnen kisa l tap fè, men, pou trant pyès lajan sa yo, ak popilarite, te vann Seyè Jezikri. Youn nan disip Li yo, trezorye legliz la, Jezi te rele l “zanmi” Li. Ou wè? Bib la di: “Li te fèt pitit pèdisyon an,” jis menm jan Jezi te fèt Pitit Bondye a. “Twonpe Eli yo menm si sa te posib.”

<sup>96</sup> Remake byen pandan n ap kontinye etid nou. N ap pran yon lòt egzamp, la nan Liv Wa yo. Te gen yon—yon pwofèt, e non l se te Miche. Li te pitit gason Jimla, e li te yon pwofèt. Se sal te ye.

<sup>97</sup> E te gen yon lòt pwofèt, tèt yon òganizasyon pwofèt, sila yo ki wen. Bib la di yo te “pwofèt,” jis menm jan Li te di Balaam te yon pwofèt, sila yo ki wen.

E te gen youn nan yo non l se te Miche, ki te wen ak Bondye epi ke Bondye te voye, ak Pawòl Bondye a.

<sup>98</sup> Te gen youn, Sedesyas, ki te panse Bondye te voye l. Bondye te wen li, men ansèyman li te kontrè ak Pawòl Bondye a. “Leve, fo Kris, montre gran siy, tap twonpe Eli yo si l posib.”

<sup>99</sup> Remake, yo toude, yo toude wen. Bon, kijan w te ka di kilès ki te gen rezon, epi antò? Gade sa Pawòl la te pwomèt Akab. Pwofèt la ki te anvan li, ki te Eli, youn nan pi gran pwofèt nan laj la, ki te yon pwofèt konfime. Pwofèt konfime sa a te di, ke, “paske Akab te fè mal sa a, ke chen yo tap niche san li; nan pran lavi Nabeth. E ke chen yo tap manje Jezabèl, e . . . kò li tap fimye nan chan yo.” Bon, kijan w ka beni sa Bondye te modi? Oswa kijan w ka modi, jan Balaam te di, sa Bondye beni? Ou wè?

<sup>100</sup> Men pwofèt sa yo te sensè. Pat gen okenn dout ke sa yo te dèzòm ki bon, dèzòm onorab. Paske, pou w se yon pwofèt nan Izrayèl, ou dwe onorab, oswa pou w menm yon Izrayelit. Yo tap kalonnen w ak wòch, si se pa sa. Yo te dèzòm onorab. Yo te dèzòm entèlijan. Yo te dèzòm ak lenstriksyon. Yo te moun Akab te chwazi, nan nasyon an. (Ou wè sa, Sè Wright?) Chwazi yo nan nasyon an, byen adapte pou pa- . . .

E kounye a, lè Miche te wè vizyon li a, li te konnen nan kè l kisa Pawòl la te di, men li te vle wè kisa Lespri ki te nan li a tap di.

<sup>101</sup> Kifè yo te di l, yo te di: “Di menm bagay ke lòt pwofèt sa yo di. E lè w fè sa, enben, w ap, n ap fè w antre nan asosiyasyon an, pa gen dout, ankò. Ou wè? N ap fè w youn nan nou. N ap fè w tounen nan denominasyon nou an. Ou se . . . Nou konnen ou se yon pwofèt, men ou toujou ap di bagay madichon. Ou toujou ap modi Akab. Kounye a, Sedesyas, chèf la, pap la, oswa . . .” kèlkeswa sal te ye a. “Bon li beni Akab, epi li di: ‘Al fè l.’ Bon di menm bagay la, Jimla. Enben, ou jis yon mesye pòv. Ou pa gen okenn asanble, apèn, ditou. E mesye sa yo genyen milyon. Tout nasyon an se pou yo. Kounye a di menm bagay yo di, ou wè kisa w ap fè, w ap—w ap manje richès peyi a.” L ap pale ak move nonm lan la a!

E si sa te di: “Èske w ka jwenn yon fot nan Sedesyas, Miche?”

“Non.”

“Èske w te janm kenbe l nan peche?”

“Non.”

“Èske w te janm tandé l joure yon moun?”

“Non.”

“Èske w te janm jwenn li sou?”

“Non.”

“Èske w ka diskite sou enstriksyon l?”

“Non.”

“Èske w kwè diplòm doktora li fo?”

“Non.”

“Ou kwè diplòm Doktora an Filozofi li—li a kòrèk?”

“Sèten. Pa konsèy Sanedren an, m sipoze li... konsèy, m sipoze li kòrèk.”

“Ebyen, alò, poukisa ou pa mete w ansanm avè l?”

“Paske li andeyò de Pawòl la!”

<sup>102</sup> Ebyen, n ap gen yon konfwontasyon sou li, alò, tankou Eli pwofèt la anvan sa. E si ou se yon ptit Bondye, w ap rete ak pwofèt Bib sa a. Se Pawòl la. Remake lè a, sezon an.

Ebyen, e si Sedesyas di: “O, mwen konnen pwofèt la te di sa, men sa se pou yon jenerasyon alavni. Sa se pou lontan apre kounye a?”

Li di: “Tann jouk mwen wè yon vizyon ki soti kot Bondye, epi lè sa a m ap di ou.”

Li di: “Alò di menm bagay la?”

Li di: “M ap di jis sa Bondye di; anyen lòt, anyen ankò. Mwen pa ka ajoute yon sèl pawòl sou Li, oswa retire yon sèl Pawòl nan Li.”

Kifè nwit sa a, nan lapriyè, Seyè a te vin jwenn li nan yon vizyon. Li te soti nan demen maten, li te di...

Men de pwofèt!

<sup>103</sup> Pi gran nonm nan nasyon an, sou plan militè ak nasyonal la, se te Sedesyas. Li te pwofèt an chèf la, pa wa a. Li te chèf tout lòt pwofèt yo, pa òganizasyon l lan. Òganizasyon l lan te fè l chèf yo tout; petèt sila ki te pi byen kiltive a, ki te gen plis lentriksyon an, plis elijib pou djòb la. E li te wen ak Sentespri a, paske yo te rèle l yon “pwofèt.” Sèten, pa jis yon pwofèt òdinè, li te yon pwofèt Ebre. Kounye a gade l.

<sup>104</sup> Sedesyas te di: “Seyè a te pale avè m: ‘Fè de kòn an fè sa yo pou Mwen,’ yon senbòl.” Yon pwofèt bay senbòl dabitid. “Li te di: ‘Fè kòn an fè sa yo.’ Sentespri a te di m: ‘Pran sa yo,’ Onksyon ki beni mwen an.” Pa panse l tankou yon sakrifis, men se pou fè sòti yon pwen. “Sentespri ki pale an lang nan mwen an, Sila a ki konfime mwen an, Li te di: ‘Pran kòn sa yo, epi, pa sa a, di wa a ke l ap pouse Siri soti deyò nèt nan peyi a. E M ap remèt li tè a ki pou Izrayèl nan dwa li, legliz la.’”

<sup>105</sup> Frè, sa ase fondamantal, se jis prèske tankou Balaam te ye anwo a la. Balaam te jis pale fondamantalman jan Moyiz te fè l la. Moyiz... Nonb egzak Bondye a se sèt. E Balaam te di: "Bati sèt lotèl ban mwen; sèt sakrifis pwòp, bèf, ak sèt belye." Sa pale de vini Pitit Bondye a. Fondamantalman, li te jis gen rezon menm jan ak lòt yo.

<sup>106</sup> Epi men Sedesyas, li te jis gen rezon fondamantalman menm jan an: "Paske tè sa a se pou nou. Enben, Siryen ak Filisten sa yo lòtbò la a k ap plen vant yo, pa pitit yo e latriye, lènmi nou, ak manje ke yo prive pitit nou yo! Alòske, Bondye te ban nou tè sa a!"

<sup>107</sup> Frè, sa se yon bon agiman. Mwen sipoze li te ka kriye sa fò devan Izrayèl, e yo te ka rele fò otan yo te kapab. Kounye a, m ap pale de jodi a la. Mwen espere n ap swiv mwen. Tout rele sa yo, tapaj sa!

<sup>108</sup> Nou sonje David dimanch pase a? Ou wè? Noumenm deyò la a nan peyi radyo a, oswa nan peyi koneksyon telefòn sa a; si nou pat pran Mesaj dimanch pase a, asire nou pou n pran l. *Eseye Rann Bondye Yon Sèvis San Ou Pa Òdone Pou Sa*, sa pa enpòtan kijan w sensè, bon, Bondye pa resevwa l absoliman. Ou wè?

Bon, men Sedesyas te la a, ap panse li gen rezon.

Miche te di: "Kite m mande Bondye." Kifè li desann nan demen maten ak ENSI DI SEYÈ A. Li te tcheke vizyon li ak Pawòl la.

Kounye a si li ta di Sedesyas: "Èske w konnen kisa pwofèt Bib la isi a te di ki tap rive mesye sa a?"

<sup>109</sup> "Men pa nan tan sa a, paske nonm sa a se yon nomm onorab. L ap eseye." Pa manke sezi sa a. "L ap eseye remèt legliz la bagay ki pou legliz la. L ap eseye remèt li byen li," pa bagay Espirityèl yo; si se te sa, li tap souke tout nasyon an tankou Eli te fè. Men, l ap eseye ba yo bagay materyèl yo, "Nou posede byen. Nou se yon gran òganizasyon. Nou se manm ladann. Nou tout, nou tout pèp la, noumenm Pwotestan yo, nou tout ta dwe vin met ansanm avè nou." En-en.

<sup>110</sup> N ap vin nan sa nan yon ti moman. "Tout se frè ak sè nenpòt fason." Se pa sa! Se pat janm sa e sa p ap janm sa, ak vrè Legliz Bondye otantik la. Sa pa ka sa!

<sup>111</sup> Remake, li te wè vizyon an. E kifè li te di: "Bondye te pale avè m." Bon, gade, nonm lan te sensè. Li te di: "Li te di: 'Fè kòn sa yo, epi monte la a devan wa a epi pouse ale nan direksyon lwès,'" oswa nan direksyon tè apati kote yo te kanpe a. "'Pouse ale, epi se pral ENSI DI SEYÈ A, ke li pral gen laviktwa epi tounen, ak yon viktwa pou legliz la.' Nou pral chase yo!" Sa toupre, pa vre? Kisa k te pwoblèm lan?

Men Miche ki vini. Yo te di: "Kounye a bay pwofesi w la."

“Ale monte! Men mwen wè Izrayèl tankou mouton, ki gaye, ki pa gen gadò.” Fiouw! Egzakteman lòt sans lan.

<sup>112</sup> Bon, nou se asanble a. Kounye a kilès ki gen rezon? Yo toude, pwofèt. Sèl fason nou ka di diferans lan nan yo, se, tcheke l pa Pawòl la.

Li te di: “Kote w pran sa a?”

Li di: “Mwen te wè Bondye ki chita sou yon Twòn.” Li te di: “Mwen te wè tout konsèy la alantou Li.”

<sup>113</sup> Kounye a sonje, Sedesyas te jis di li te wè Bondye, tou, nan menm Lespri a. “Mwen te wè Bondye. Li te di m pou m fè kòn sa yo ak—ak fè. Soti la a epi pouse nasyon yo sot isi a, paske sa se pou nou l ye. Lòt yo pa gen okenn dwa sou li.” Yo tap genyen l si yo te rete dwat ak Bondye. Yo tap genyen sa, men yo te elwaye yo de Bondye.

<sup>114</sup> Se fason sa a òganizasyon an ye, legliz la. Li gen dwa a bagay sa yo, men yo te prive nou de li, paske nou te elwaye nou de Pawòl Bondye a ak Lespri Bondye a, onksyon, pou konfime Pawòl la pou sezon an. Piga nou manke resevwa Mesaj sa a.

<sup>115</sup> Remake kisa k pase kounye a. Li te di: “Mwen te wè Bondye,” Miche te wè Li “ki chita sou Twòn lan nan Syèl la. Konsèy Li te rasanble alantou Li. Li te di: ‘Kimoun nou ka pran pou desann epi twonpe Akab, pou fè pawòl Eli yo akanpli, pwofèt Mwen ki te konfime. Mwen te anponse ke li tap vini. E Eli te gen Pawòl Mwen. E syèl ak latè ap pase, men Pawòl Mwen pap fayi. Sa pa gade M kijan yo vin modèn, oswa kijan yo vin bon, oswa kijan yo vin gen lenstriksyon, oswa kijan yo gran, Pawòl Mwen yo p ap janm fayi.’

<sup>116</sup> “E yon lespri mantè monte sot nan lanfè, te tonbe sou jenou li, epi te di: ‘Si W ap jis pèmèt mwen, mwen ka ba yo onksyon mwen, fè yo fè nenpòt kalite siy oswa mèvèy, jis toutotan mwen fè yo soti nan Pawòl la. Li p ap menm konnen ke Sa se Pawòl Ou. L ap inyore L, pou popilarite.’” Frè, tan yo pa chanje. Frè Neville, se vre. Sonje, se vre. “M ap vin sou li, fè l fè menm bagay ke lòt yo. M ap fè l pwofetize, epi bay on manti.” Kijan l te ka yon manti? Paske li te kontrè ak Pawòl la.

<sup>117</sup> Pran nenpòt nan fo batèm sa yo, fo *tèl tèl tèl* bagay sa yo, sa pa gade m kijan sa parèt vrè, nan ki pwen yo eseye imite, se yon manti si li kontrè ak Pawòl Bondye pou lè sa a. Se egzakteman sa.

Ou di: “Ebyen, pa nou, ebyen, nou te fè sa, epi nou te fè sa, epi legliz nou se fason sa a epi sa a.”

<sup>118</sup> Sa pa gade m kisa l ye. Si li kontrè ak Pawòl ki ekri a pou lè sa a, se yon manti. Bondye p ap gen anyen pou wè avè l, sa pa enpòtan kijan li parèt sensè, kijan li gen lenstriksyon, kijan li entèlijan, kijan li parèt vrè, kijan li parèt rezonab, si li kontrè ak Pawòl la pou lè sa a. N ap rantre nan sa on tikal pi fon nan

kèk minit, si tan an pèmèt nou. Si nou pa kapab, n ap pran l ankò aswè a.

<sup>119</sup> Remake, li te sensè, bon gason, pa gen dout. Epi l te di . . . Alò, osinon, Miche te di l, pa dwat nan figi l, men lòt mo: "Ou wen ak yon espri bay manti." Èske sa pa tap yon bagay pou di yon evèk? Men li te fè l.

<sup>120</sup> E kifè evèk sa a te pwoche epi te di: "Ou p ap janm gen fratènité ankò," epi li te ba l on kalòt nan figi. Li te di: "Ou konnen ke m se yon nonm konfime. Legliz mwen te fè m chèf li, bagay sa a. Vòt popilè pèp Bondye a te fè m sa. Òganizasyon m lan te fè m sa. E Bondye te ban nou tè sa a, e Li gen entansyon pou l pou nou. E mwen gen ENSI DI SEYÈ A." Li te souflete l, epi li te di: "Nan ki direksyon Lespri Bondye a ale lè Li te kite m?"

<sup>121</sup> Miche te di: "W ap konnen, youn nan jou sa yo," lè Kalifòni anba lanmè a laba a, ak tout bagay sa yo. Ou wè? "W ap wè nan ki direksyon Li tale, lè ou chita nan fon prizon yo."

<sup>122</sup> Kounye a, Akab, kisa w pral di? Li te di: "Mwen kwè pwofèt mwen." E si l te jis fouye nan Pawòl la? Ou wè, li pat vle wè tèt li modi. Koute m! Li pat vle wè tèt li modi. Okenn nonm pa vle sa.

<sup>123</sup> E frè òganiza- . . . òganizasyonèl mwen, se sa k pwoblèm lan avè ou. Ou vle panse ke ou gen rezon, alòske, ou konnen nan kè w, lè ou batize nan sèvi ak non "Papa, Pitit, Sentespri," w ap bay manti. Ou konnen lè ou predi- . . . di bagay sa yo ke w ap fè a, epi ou aksepte evidans inisyal yo, ak tout bagay konsa, ou antò. Kijan evidans inisyal la ka pale an lang, pou pale apre sa kontré ak yon pwomès Bondye nan lè sa a? Kijan sa ka fêt? Ou pa vle madichon an, pa vre? Men li ekri *Isi a*, se konsa l va ye. Sa se mak bèt la, tèlman pwòch li tap twonpe Eli yo si sa te posib.

<sup>124</sup> Ak tout siy yo, tout mèvèy yo, tout mesye wen yo, pwofesi yo, tout kalite bagay k ap pase; tout kalite siy yo, tout kàlite mèvèy yo, kijan w pral fè diferans lan? Gade Pawòl la pou lè sa a. Se fason ou pran . . .

Gade Moyiz, kijan l te ka di Balaam li. Gade Miche isi a, kijan nou konnen li te gen rezon? Pawòl la, anvan li, te pwofetize sa pou Akab.

<sup>125</sup> E Pawòl la, anvan nou, te pwofetize òganizasyon sa yo pou jou sa a, ak madichon sa a sou yo. E bagay ki tap pase pa Legliz Li ki vrèman wen, ki va gen Pawòl la, yon Lepouz Pawòl. Apa nou. Men li, jodi a, jis menm jan l te ye lè sa a.

<sup>126</sup> Bib la te di: "Nan bouch de ou twa temwen se pou chak pawòl tabli." Mwen te pale de Balaam, mwen te pale de Balaam ak Moyiz. E mwen te pale kounye a de Miche ak Sedesyas. Kounye a m pral bay youn ankò. Se ke, gen plizyè santèn ladan yo, men youn ankò, pou fè twa temwen. Mwen gen tout on seri nan yo ki ekri isi a; men pou sove tan.

<sup>127</sup> Jeremi ki te konfime, rejte, men yon pwofèt Bondye konfime. Yo te rayi nonm lan. Yo te voye fwi ki pa m- . . . ki twò mi sou li, ak tout lòt bagay. E li te pwononse madichon sou yo. E bagay ke l te fè yo, epi li te lonje la a sou kote l yo, ak bagay, epi bay siy ke Izrayèl te antò.

<sup>128</sup> Chak pwofèt, vrè pwofèt ki te janm parèt nan mond lan, te modi òganizasyon denominasyon sa yo de legliz la. Kijan l te ka chanje, pa Bondye ki pa chanje a?

<sup>129</sup> Sentespri a se Pwofèt la pou lè sa a; Li konfime Pawòl Li, Li pwouwe Li. Sentespri a se te Pwofèt la nan lè Moyiz la. Sentespri a se te Pwofèt la nan lè Miche a. Sentespri a, ki te ekri Pawòl la, vini epi konfime Pawòl la.

Kounye a kisa k te rive nan tan Miche a? Yo te touye Akab, epi chen yo te niche san li, dapre Pawòl Bondye a.

<sup>130</sup> Nou tout fo anseyan yo, se sa Bondye di, yon jou n ap rekòlte sa n ap simen, noumenm lidè avèg pou avèg la! M pa fache. M ap jis di nou yon Verite. E mwen pa tap di sa si isi a, nan sal sa a, si Sentespri a pat di: “Di l nan fason sa a.” Èske m te janm di nou yon bagay ki fo sòf sa Bondye te pwouwe ke li vre? Reveye, frè m yo, anvan l twò ta!

<sup>131</sup> Men kite m di sa. Kijan yon pikan te ka reveye epi pou l yon chadon, lè li te predestine pou sa? Kijan Eli yo te ka anpeche tèt yo wè sa? Paske, nou eli pou nou wè li. “Tout sa Papa a ban Mwen ap vini,” Jezi te di: “men okenn nan yo pa ka vini sòf si Li ban Mwen li anvan fondasyon mond lan, lè yo te mete non yo nan Liv Lavi Ayo a,” pa nan yon rejis legliz, men nan Liv la, Liv Lavi Ayo a.

Remake, Jeremi te leve kanpe, konfime devan pèp la, poutan yo te rayi l.

<sup>132</sup> E se konsa yo te soti epi yo te fè yon jouk, li te fè l, epi yo mete l sou kou li, epi l tale devan pèp la. Yo te di: “O, nou se gran pèp Bondye a. Enben, nou se Izrayèl. Nou tèlman sensè nan sinagòg nou! Nou prezan chak dimanch, nou, nou ofri sakrifis, epi nou peye lajan nou. Kijan Nebuchadnezzar te ka janm kenbe bagay sen Bondye yo?” Huh! Peche nou yo te fè l.

<sup>133</sup> Bondye te di: “Si nou kenbe kòmandman M yo, Mwen p ap fè sa. Men, si nou pa fè l, men sa k ap rive nou.” Se egzakteman vre. Toujou menm lan. Kenbe kòmandman Li yo, Pawòl Li pou lè a, sa Li te pwomèt.

<sup>134</sup> Kounye a remake. Bon, Jeremi, pa volonte Bondye, pwofèt konfime, menmsi yo te rayi l. . . Yo te rayi yo chak nan jou pa yo. Yo te fè bagay etranj konsa ki kontrè ak denominasyon nan jou sa a, tout moun te rayi l, menm wa yo ak tout rès lòt yo. Kife li mete yon—yon jouk sou kou li, epi l te di: “ENSI DI SEYÈ A. Yo pral laba a pandan swasanndizan,” paske li te gen bon konprann apati Pawòl Bondye a. “Swasanndizan!”

<sup>135</sup> Apre sa Ananya, Ananya, m sipoze nou pwononse l: A-n-a-n-y-a. Ananya, yon pwofèt nan mitan pèp la, vini, li te retire jouk la nan kou Jeremi, epi li te kraze li. E l te di, pou l te ka yon gwo zafè nan mitan pèp la, ou wè, lè li tap pale sa ki kontré ak Pawòl Bondye a. Epi l te di: “Nan de zan y ap tounen. ENSI DI SEYÈ A.”

De pwofèt wen. Kijan diferans lan te ye nan yo? Youn te gen Pawòl la li t ap pwononse, e lòt la pat genyen L. Jeremi te di: “Amèn.”

<sup>136</sup> Devan tout ansyen yo ak asanble a, tout Izrayèl, ou wè, li te vle montre li te ka jis gran menm jan ak Jeremi. “Ou konnen yo pa renmen w, nempòt jan. Kifè mwen se yon pwofèt, tou. Mwen plis yon pwofèt pase ou, paske w ap pwofetize yon manti. Ou di m pèp Bondye a pral sibi *tèl tèl bagay*?”

<sup>137</sup> Se sa yo di jodi a, men w ap la jis menm jan an, kòm yon legliz. Ou modi ak yon madichon. Nou tout legliz yo, denominasyon k ap kenbe tradisyon lòm nan plas Pawòl Bondye a, Bondye modi nou.

<sup>138</sup> Kounye a remake, men li ki vini. Ananya rache jouk sa a sot nan kou l, yon senbòl Bondye, li kraze l, epi li di: “ENSI DI SEYÈ A. Nan de zan y ap tounen.” Jis pou yon fè wè: “Mwen se *Entèl entèl*.” Paske li te pran pozisyon sa, li te yon pwofèt ôganizasyonèl.

Jeremi te yon nonm ki soti nan dezè ki te viv poukont li. Li te pwofetize move bagay kont yo tout tan, paske yo te mechan.

<sup>139</sup> E nomm sa a tap di yo: “O, nou kòrèk toutotan nou manm. Toutotan nou se Izrayèl, se tout sa ki nesesè. Ou wè, nou, nou... Bondye pa pral fè sa. Mwen konnen gen yon ti bagay ki te pase isi a, men piga nou gen kè sote, piga nou pè.”

<sup>140</sup> O, frè, yo toujou ap viv jodi a. “Pa enkyete, tout bagay kòrèk. Nou gen tout bagay sou kontwòl. Nou se Legliz la.” Piga nou panse sa. Ya.

<sup>141</sup> Kifè li te di: “Tout bagay kòrèk. Y ap tounen nan de zan. Sa se yon ti bagay ki rive. Se pa anyen ki ekstraòdinè. Nou gen jan de bagay sa. Se jis Nebikadneza ki monte isi a, men Bondye nou ap okipe tout sa.”

<sup>142</sup> Men Pawòl la te di ke yo tap la a pandan swasanndizan; jouk jenerasyon sa a te disparèt, epi yon lòt jenerasyon. Karant an se yon jenerasyon. “Sa se prèske de jenerasyon ke nou pral rete laba a.” E Jeremi te di sa dapre Pawòl Bondye a.

Ananya te kraze sa! Jeremi te di: “Trè byen. Amèn. Men, Ananya, annou sonje sa, nou toude se pwofèt. Nou se minis.”

<sup>143</sup> E mwen di w sa, frè m. Annou sonje te gen pwofèt anvan nou, e yo te pwofetize kont wayòm, e yo te pwofetize kont sèten bagay. Men, sonje, lè pwofèt la te di yon bagay, li dwe pwofetize selon

Pawòl la. Tankou Miche, ak Moyiz, ak tout rès yo. Li dwe selon Pawòl la. Si se pa sa, alò sonje kisa k te rive.

<sup>144</sup> Lè sa a, Ananya, endiyasyon jis li te leve. “Mwen se Ananya” (pa gen dout), “pwofèt Seyè a, e mwen di: ‘Dezan.’” Nan lòt mo: “Sa pa gade m sa Pawòl la di.” Onksyon li: “Mwen di: ‘Nan dezan, y ap tounen.’”

<sup>145</sup> Jeremi te mache soti devan l, te ale, te di: “Seyè, sa pa gade m kisa l te di, mwen toujou kwè epi m konnen ke Pawòl sa a di sa. M ap rete fidèl a Ou. Li p ap twonpe m.”

<sup>146</sup> Bondye te di: “Al di Ananya: ‘M ap fè l an fè, pwochen jouk la.’” Poutèt li te fè sa, yo te retire l sou fas latè a, sa te rive Ananya, menm lane sa a.

Men egzant nou yo, toude pwofèt. Kifè anpil bagay anplis nou te ka site epi rakonte nan moman sa a.

<sup>147</sup> Men gade. Jezi te di, ke, nan tan lafen sa a, ankò, de espri yo tap vrèman toupre youn ak lòt ankò. Èske se vre? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Kounye a remake. Li pral pi pre pase jan sa te ye. Sa se tan lafen an. O, timoun mwen yo! Bondye gen pitye pou nou! Jouk: “Li tap menm tèlman reyèl jouk li tap twonpe Eli yo menm si sa posib.” Kounye a kijan nou pral... Kijan nou te fè pou konnen nan epòk sa yo? Kijan nou pral fè pou konnen jodi a? Menm fason an, rete ak Pawòl la: “Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

<sup>148</sup> Kounye a pote atansyon a tout Mesaj sa a. E lè nou va koute bann lan, petèt menm m va pati yon jou lè Seyè a fini avè m isi a sou latè, nou va refere a sa a. Koute vwa mwen, sa m ap di nou an. Si Li pran m anvan Vini Li, jis sonje, mwen pale avè nou nan Non Seyè a, pa Pawòl Seyè a. Wi.

<sup>149</sup> Remake: “Y ap tèlman toupre youn ak lòt ke li tap twonpe Eli yo si sa te posib,” yo tap fè menm siy yo, menm mirak yo, pa menm Lespri a. Èske se vre? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Jis menm jan pou pwofèt yo ke nou fèk sot pale a, pwofèt. Bon, li ekri tou...

Ann vire sou li, pou sila a, si nou vle, De Timote 3. Ann pa kite sila a. E mwen pa vle...

<sup>150</sup> M ap gade revèy sa a la a, epi mwen—mwen vle kite anpil ladan l, e mwen pa panse nou ta dwe fè sa kounye a. Ou wè? Remake. Jis... Si mwen kanpe isi a, ap swe jan m ap fè l la, ou wè, men mwen kontan. E mwen konnen ke sa se vre. De Timote 3:8.

<sup>151</sup> Pòl, nonm ki te di: “Si yon Anj sot nan Syèl epi pale nenpòt lòt pawòl avè nou pase sa ke m te di a, se pou li modi,” kounye a, yon Anj desann. Sa se De Tesalonisyen... O, eskize m.

<sup>152</sup> Remake nan De Timote 3:8. Gade Pòl k ap pale kounye a. Ann kòmanse ak apeprè... Ann kòmanse nan premye vèsè a, epi

koute vrèman byen kounye a. Noumenm ki gen Bib nou, li avè m. Noumenm ki pa gen Bib nou, koute byen. Lan . . .

*Mete sa byen nan tèt ou: nan dènye jou yo . . .*

Souliye sa a: “dènye jou yo.” Se lè sa pral rive a.

. . . tan an pral difisil anpil. (Nou ladan l.)

*Moun pral egoysis, y ap renmen lajan, y ap fè grandizè, lògèy ap vire tèt yo, y ap pale Bondye mal, y ap dezobeyi papa ak manman yo, y ap engrà, y ap san okenn respè pou bagay Bondye.*

<sup>153</sup> Gade gwoup sa a ke nou genyen jodi a, pouri. Menm nan lòm deyò nan lari a, jenn gason, ap rale cheve yo anba sou fwon yo, tankou ak franj tankou yon fanm. Pèvèsyon! Sodomit!

<sup>154</sup> Èske nou te li nan *Reader's Digest* ane sa a, mwa sa a? Sa di: “Ameriken yo nan laj ant,” m panse se te: “ant ven ak vennsenk an, li déjà nan kondisyon laj mwayen yo.” Yo fini! Yo pouri! Lasyans di sa, ke yon nonm nan laj mwayen li, ak yon fanm, lè yo toujou nan komansman venten yo. Kò yo tèlman pouri epi lage nan malpwòpte.

O, Etazini, konbyen fwa Bondye ta renmen pran w anba zèl Li, men kounye a lè w vini! Ou kondwi mond lan nan malpwòpte.

. . . y ap pale Bondye mal, y ap dezobeyi papa ak manman yo, y ap engrà, y ap san okenn respè pou bagay Bondye,

San afeksyon natirèl, . . .

Nanpwen vrè lanmou menm youn pou lòt, gason pou fanm, fanm pou gason. “Pa menm afeksyon natirèl.” Malpwòpte, seksyèlman!

. . . y ap san pitye, y ap pale moun mal, y ap fè gwo kòlè, y ap brital. È yo p ap vle wè sa ki byen menm.

<sup>155</sup> Nan lòt mo, yo di: “Noumenm bann moun ki eksite.” Yon moun te poze kesyon lòt jou a sou vini isi a nan legliz la. Yo te di l: “Pa al laba a. Tout sa k genyen se yon gwo pakèt bri ak eksitasyon.”

Ou wè: “meprizan anvè sila yo.”

*Y a mode an trèt, y a fè kòlè fasil, lògèy va gonfle lestonmak yo. Y ap pito plezi pase sèvis Bondye.*

Ou di: “Frè Branham, sa se kominis.” Kisa pwochen vèsè a di?

*Y ap fè tankou y ap sèvi Bondye. Men (kisa?), pa kwè nan pouvwa Bondye a tout bon vre. (Pawòl la, Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, ki manifeste, pwomèz la pou jou a) . . .*

Jis egzakteman tankou Ananya, jis egzakteman tankou Sedesyas, jis egzakteman tankou Balaam, e latrìye, lòt fo pwofèt.

*Y ap fè tankou y ap sèvi Bondye. (wen . . . Ou wè?)*

*Y ap fè tankou (minis wen, òdone . . . )*

*Y ap fè tankou y ap sèvi Bondye. Men, yo pa kwè (ke  
Li se menm lan ayè, jodi a, ak . . . Ap renye Pawòl Li!)*

<sup>156</sup> Kijan nou te renye Jezi nan jou sa a? Kimoun yo te renye lè yo te renye Jezi? Pawòl la. Yo te reliye. Yo te anseye apati de Bib yo, men yo te renye Pawòl pou jodi a.

<sup>157</sup> Kisa yo ye jodi a? Menm bagay, wen, ap preche Levanjil pannkot la, men ap renye pwomès Pawòl pou jodi a ki konfime, “Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Èske nou wè li? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.]

*Gen ladan l k ap antre lakay moun pou pran . . . medam  
ki fèb yo, ki gen konsyans yo chaje anba peche epi k ap  
kite tout kalite move lanvi mennen lavi yo.*

<sup>158</sup> “Reyinyon kouti nou yo ak sesi sela nou yo.” Yon moun vin nan viwonn lan ap eseye mal entèprete Pawòl la, epi ap di sa: “Se kòrèk, sè, pou w gen cheve kout. Pa fè atansyon a enbesil sa a. Ou wè? Oswa, si ou—si ou mete *sa*; se pa *sa*, ‘se sa k soti nan kè yon nonm ki souye li.’” Ou wè? E èske w reyalize ke ou wen ak yon move lespri, ki gen move lanvi, ki sal? Ki mele m, ou te mèt chante nan koral la, ak cheve kout, men ou gen yon move lespri. Sa kontrè ak Pawòl la. Se vre. Se sa Bib la te di. Epi ou di: “Ebyen, mwen pote bout pantalon. Sa pa kondane m.”

“Kèlkeswa moun lan, si yon fanm mete yon rad ki pou yon gason, se yon abominasyon nan je Bondye.” Bondye ki pa chanje a di sa.

<sup>159</sup> O, tèlman gen anpil bagay, kijan nou te ka jis pase atravè sa? Tan nou tap pase. Men nou konnen ase pou n konnen sa ki bon ak sa ki mal. E kijan mwen ka fè yo fè l? Kijan mwen ka fè l? Nou di: “Ebyen, poukisa w ap rele a?” Mwen se yon temwen kont nou. Yon jou, nan Jou Jijman an, nou p ap gen yon kwen pou n antre ladann.

<sup>160</sup> Kijan Miche te ka kanpe sa? Kijan Moyiz kapab, ap rele, ap eseye kanpe sa? E Jozye avè yo k ap kouri nan mitan pèp la? E Levi te rale epe li, epi li te touye yo, menm? Yo te kontinye jis menm jan.

<sup>161</sup> Sa predi ke yo pral fè l. E yo pral fè l, paske se ENSI DI SEYÈ A yo pral fè l. Nou panse nominasyon sa yo ap janm kraze, denominasyon yo a ap tounen nan Pawòl la? Se ENSI DI SEYÈ A, yo p ap fè l! Èske yo pral nan antikris la? Egzakteman. Se ENSI DI SEYÈ A, y ap fè l! “Kifè poukisa ou pale sou sa?” Mwen dwe yon temwen, e noumenem tou, tout kwayan yo. Gade.

*. . . medam ki fèb yo, ki gen konsyans yo chaje anba . . .  
tout kalite move lanvi*

“Ebyen, tout rès fanm yo fè l.” Fo pwofèt yo! Kounye a koute. Se de fo pwofèt yo m ap pale. Kounye a kisa yo pral fè nan dènye jou a?

... *pran tèt medam ki fèb yo, ... kap kite tout kalite move lanvi mennen lavi yo.*

“Ebyen, mwen konnen tout rès fanm yo...” Trè byen, nou mèt ale.

<sup>162</sup> Kisa m ta di jis anvan gwo bagay sa a k ap rive isi a nan Kalifòni? “Noumenm moun yo isi a nan Los Angeles, chak ane lè m tounen gen plis fanm ak cheve coupe ak gason efemine pase te genyen an premye, plis predikatè ki pral nan òganizasyon. Nou san okenn eskiz! Si zèv pwisan yo ki te fèt nan Sodòm ak Gomò te fèt nan mitan nou, li tap kanpe jodi a. O, Kapènawòm, oumenm ki rele tèt ou pa non zanj yo, Los Angeles!” Ou wè sa k ap pase? L ap kontinye ale dwat nan fon lannè a. Kile? M pa konn kilè li prale, men li prale. Noumenm jenn moun yo, si mwen pa wè sa nan jou pa m lan, louvri je nou. Li fini!

*Medam sa yo toujou ap chache konnen, ... yo pa janm ka rive konnen verite a.*

Kounye a men sa ki chokan an, men pati chokan an. Koute sa.

*Menm jan ou te wè Janès ak Janbrès t ap fè Moyiz opozisyon an, konsa tou moun sa yo ap fè verite a opozisyon. Se yon bann moun ki gen lespri yo deraye. Bondye voye yo jete paske yo pa gen lafwa tout bon nan li. Lafwa ki te delivre yon fwa bay sen yo, byensi.*

“Konsènan Lafwa a.” “E li va mennen Lafwa papa yo, oswa timoun yo, tounen bay papa yo.”

<sup>163</sup> “Repwouve konsènan Lafwa a.” Uh! Nou konn kisa repwouve vle di? Si nou gen yon Bib Scofield, gen yon *h la a*. Jis anwo la a, sa di: “apostazi.” Yon apostazi, se salye.

<sup>164</sup> Kounye a, jis on minit. Mwen vle gade yon bagay isi a. Mwen panse mwen te byen ekri sa a. Mwen pa sèten, men mwen vle di l, epi gade sa anyan mwen—mwen di l. Kounye a, jis on minit. [Pati blanch sou kasèt la—Editè a.] “Repwouve konsènan Verite a, konsènan Lafwa a.” “Lafwa a,” gen sèlman yon Lafwa. Se vre. “Konsènan Lafwa a, repwouve!”

Kounye a mwen vle li Lik 18. Jis on minit. Nou pa... Nou ka ekri li; nou pa bezwen li.

*Jezi rakonte yo parabòl sa a pou l te moutre yo nesesite pou yo toujou lapriyè san yo pa janm dekoraje:*

Li di—li di: *Vwala, se te yon jij ki te rete nan yon lavil; li pa t pè Bondye ni li pa t gen konsiderasyon pou pèsonn.*

*Nan menm lavil sa a, te gen yon vèv ki te konn vin bò kot jij la. Vèv la te toujou ap di li: Rann mwen jistis kont moun ki nan kont avè m lan non.*

*Pandan lontan jij la te—jij la te refize fè sa pou li. Men, yon lè li di nan kè l: Se vre, mwen pa pè Bondye, ni mwen pa rete ak moun.*

*Men, fanm sa a ap plede deranje mwen. M ap rann li jistis, konsa la sispann anbete mwen.*

*Jezi di: Nou tandé sa move jij la di!*

*Eske Bondye pa ta regle zafè pitit li yo, moun li menm li chwazi yo, lè yo rele ba li lajounen kou lannwit? Eske l ap pran anpil tan pou l ede yo?*

*M ap di nou sa: L ap regle zafè yo vit vit. Men, lè Fis de lòm lan va vini, èske la jwenn moun ki gen lafwa nan Bondye ankò sou latè?*

<sup>165</sup> Kounye a sa se kesyon an. Men kote mwen te vle rive a: Nan Apokalips 10 (N ap rive sou li nan kèk minit, nan yon lòt vèsè Lekriti.), Li te di: “Nan jou Mesaj setyèm anj lan, mistè Bondye a ta dwe fini.” Men kesyon an, se, si nou swiv liy panse sa a nan lè sa a, èske l ap fini? “Èske M ap jwenn Lafwa a?” Èske Malachi 4 ap akonpli nan tan sa a, “Restore Lafwa timoun yo, tounen nan Lafwa papa yo, orijinal la, Pawòl la”? Ou wè?

<sup>166</sup> “Repwouve, Jambrès ak Jannès, jan yo te reziste.” Kounye a, tou, koute, De Timote 3:8. “Menm jan Jan- . . . te reziste Moyiz, nan dènye jou yo tou memm repwouve sa yo ap vini,” kounye a gade Sa Li di la, “yo gen yon fòm pyete,” sila yo ki wen. Kounye a ann jis . . . Tounen epi—epi li l lè nou rive lakay, konsa mwen ka fini sa a, maten an, si mwen kapab. “Repwouve konsènan . . .” Pa repwouve nan—nan—nan vi yo; yo se dèzòm debyen, kiltive.

<sup>167</sup> Bon remake, lè Moyiz te desann an Ejip, ak yon mesaj ki te ENSI DI SEYÈ A, e ki te konfime; li te rele Izrayèl, ki te yon pèp, pa yon legliz. Izrayèl te yon pèp; yo pat janm yon legliz. Paske, mo *legliz* la vle di “sila yo ki aple pou soti.” Yo te pèp Bondye a. Alò lè yo vin wen anba Pawòl la, epi aple pou soti, yo vin legliz Bondye a. Epi apre yo te retwograde, paske yo pat kwè nan Pawòl Bondye a, epi yo te koute yon fo pwofèt. Mwen espere ke sa antre nèt.

<sup>168</sup> Izrayèl, etan yon pèp Bondye, soti anba men Bondye, wen ak Pawòl la . . . ak Pwisans Bondye a, li te wè siy ak mèvèy Bondye yo. Epi apre lè Bondye tap deplase avè yo, yon fo pwofèt rive, wen, epi li te anseye yon bagay ki kontré ak Pawòl Bondye orijinal ke yo te tandem a; epi chak gress nan yo te peri nan dezè a, apa de twa moun. Kounye a kenbe li.

<sup>169</sup> “Jan sa te ye nan epòk Noye, kote uit nanm te sove pa dlo, se konsa l va ye nan vini Fis de lòm lan.” “Jan sa te ye nan epòk Lòt la, kote twa te soti nan Sodòm, se konsa sa va ye nan tan lè Fis de

lòm lan va revele.” Mwen sèlman ap site Lekriti, Pawòl Seyè a, ki se “syèl la ak tè a ap pase . . .” L ap yon minorite!

<sup>170</sup> Remake isi a. Moyiz desann al jwenn Aaron. Moyiz te dwe Bondye. Bondye te di l pou l Bondye, Li te di: “Se pou w Bondye, epi kite Aaron frè w pou l pwofèt ou. Oumenm mete pawòl yo nan bouch li si w pa ka pale byen.” Li te di: “Men ki moun ki te fè lòm bèbè? Kimoun ki te fè lòm pale?” Se Seyè a ki te fè l.

<sup>171</sup> E l te mache desann la a. Kisa l te fè? Li te fè yon mirak vrè epi jis ke Bondye te di l fè. Bondye te di l: “Al jete baton w lan atè a.” Li te ranmase l, e se te yon sépan. Li te ranmase l, epi li te tounen vin yon baton. Li te di: “Al fè sa devan Farawon, epi di: ‘ENSI DI SEYÈ A.’”

<sup>172</sup> E lè Farawon te wè sa, jan nou ta di: “Enben, ala yon trik majisyen fasil.” Li te di: “Pa gen anyen ladan l. Se telepati mantal oswa on bagay, nou konnen. Nou gen mesye yo nan òganizasyon nou an ki ka fè menm bagay la. ‘Vin isit, Evèk Entèl entèl. E, oumenm, oumenm vin isi a.’ Nou gen sa yo ki ka fè menm bagay la.” Se te Satan ki tap pale nan Farawon.

Se te Bondye ki tap pale nan Moyiz.

<sup>173</sup> Men obsève byen kanmarad sa a ki rive a. Jannès ak Jambrès te prezante devan Moyiz, epi piblikman devan moun yo, epi yo te fè chak mirak ke Moyiz te ka fè. “Y ap twonpe Eli yo menm si sa posib.” Se vre? Yo te fè menm bagay ke Moyiz te fè a. Nou konprann li? Kounye a sonje, se ENSI DI LEKRITI, ke l ap repeète ankò nan dènye jou yo.

Kisa k te diferans lan ant Moyiz ak Jambrès?

Moyiz te di: “Se pou san vini nan dlo a.”

E fo pwofèt sa yo te di: “Sèten, nou pral mete san nan dlo a, tou.” E sa te rive.

Kifè Moyiz te di: “Se pou gen pis ki vini.” Nan kisa l te pran l? Dirèk kot Bondye. Ou wè?

E kisa l te fè? Li te di: “Ebyen, sèten, nou ka mennen pis, tou.” Epi yo te fè l. Nenpòt mirak ke Moyiz te ka fè, yo te ka fè l, tou!

<sup>174</sup> Sonje, kenbe sa nan lespri n, n ap vini ladan l, apre on moman. Yo ka fè nenpòt bagay ke rès yo ka fè, men yo pa ka rete ak Pawòl la. Yo pa ka rete ak Pawòl la.

<sup>175</sup> Bon remake, yo te fè l. Men Moyiz, vrè pwofèt Bondye te voye a, ki jwenn komisyon nan men Bondye, li pat janm diskite avè yo, pou di: “Men ni, nou pa ka fè sa! Nou pa kapab!” Li jis kite yo trankil, jis kite yo kontinye. Yo se pwofèt òganizasyonèl, men nou mèt ale.

<sup>176</sup> Moyiz te jis kontinye drèt, li te koute Bondye. Kèlkeswa sa Bondye te di: “Kounye a fè sa,” Moyiz t ale epi li te fè l. Li te fè yon nouvo bagay. Lè yo te fè sa, chak gress nan yo te gen

yon sansasyon oswa yon bagay, men yo vini. Yo te fè l, tou, jis egzakteman tankou Moyiz te fè.

<sup>177</sup> Bon remake. Kanmarad sa yo te parèt... O, noumenm moun yo, piga nou rate sa! Blofè sa yo, imitatè sa yo, te parèt apre vrè moun lan te ale an premye. Ou wè? Yo vini pou imite. Ou wè, yo dwe fè sa. Dyab la pa ka kreye anyen; li jis youn ki pèvèti orijinal la.

E kisa ki peche? Se jistis ki pèvèti. Kisa ki adiltè? Zak kòrèk la ki pèvèti. Kisa ki yon manti? Verite a ki mal reprezante. Yon pèvèsyon!

<sup>178</sup> Gade Ananya, yon pèvèsyon de Pawòl orijinal la. Gade Balaam, yon pèvèsyon de Pawòl orijinal la. Gade Sedesyas, pèvèsyon Pawòl orijinal la.

E Bib la te di ke mesye sa yo tap soti, aprè pèvèti a... oswa pou pèvèti Pawòl orijinal ki konfime epi pwouve Li se Verite.

<sup>179</sup> “Fè zèv yon evanjelis,” nan kwen sa a laba a, “fè prèv ministè w lan nèt. Paske tan an ap vini kote yo p ap tolere bon Doktrin, men selon pwòp lanvi yo, yo va bay tèt yo yon bann doktè, gen zòrèy grate; apre sa y al pi devan epi yo fè nepòt sa yo vle a, epi: ‘Se kòrèk, nou gen menm siy ak mèvèy.’ E yo va detounen yo de Verite, epi y ap mennen yo nan fab, dògm.”

<sup>180</sup> O, konsyans Sentespri a, krentif ki frape nanm yon nonm lè li kanpe pou l panse kòman sa reyèl epi klè dwat devan nou! Detere wòch ki nan kwen sa a deyò isi a epi li yon moso papye ki te mete anndan la a, tranntwazan de sa. Wè kisa L te di laba a la a sou—sou Setyèm Ri a, jou maten sa a lè wòch nan kwen sa a te poze. Kounye a gade li. Gad anba isi a sou rivyè a, lè Anj Seyè a te desann nan yon fòm yon Kolòn Dife, plizyè santèn legliz, oswa moun legliz, kanpe bò rivaj la; sa L te di a, wè si sa rive. Wè kisa k te pase.

<sup>181</sup> Li tèlman di. Mwen konnen sa parèt di, frè, laba. Men se... Bib la te di, Jezi te di Limenm: “Sa tap twonpe Eli yo menm si sa te posib.” Pa gen mwayen pase arebò li. Yo p ap janm kapab wè Li. Si sa te posib, li tap twonpe Eli an menm.

<sup>182</sup> Remake, kanmarad sa yo te parèt apre yo te voye vrè wen Bondye a; pa vrè pwofèt Li, Moyiz. E lè Moyiz tap fè yon bagay, yo tap imite sa.

<sup>183</sup> Kounye a, frè, sè, mwen... Sa se pwòp legliz pa m. Mwen gen dwa pou m preche sa m vle, toutotan li sot nan Pawòl Bondye. E mwen p ap kondane noumenm moun yo, men ann jis sonde sa pou tan an ak lè ke n ap viv kounye a.

<sup>184</sup> Salitasyon pou Frè Ruddell, pou Junior Jackson, ak sa yo ki isi a, legliz frè nou yo. Mwen te bliye yo, toutalè a. Mwen panse ke yo konekte maten an, tou, paske nanopwen—nanpwen plas nan legliz la.

<sup>185</sup> Jis panse a sa kounye a, jis pou on minit. Yo te fè menm mirak ke Moyiz te fè yo. Moyiz te pote pis; yo te imite sa epi te pote pis. Ou wè?

Bondye te di: “Le jou ou manje ladann, jou sa w ap mouri.”

<sup>186</sup> Satan pwoche la a epi l te di: “Sètènman, ou p ap mouri. W ap jis vin pi saj. W ap gen yon pi bon òganizasyon, yon pi bon . . .” Ou konnen. “Ou konnen, tout bagay ap miyò pou ou, w ap gen plis Limyè.” Ou wè, jis yon pèvèsyon. Ta dwe . . .

<sup>187</sup> E sonje, ENSI DI SEYÈ A, selon De Timote 3:18, ke “nan dènye jou yo, ke Jambrès ak Jannès sa a tap sou latè.” Bon, mwen vle nou remake gen de nan yo, ou wè, imitatè.

<sup>188</sup> Kounye a nou pral tounen nan Sodòm, apre yon moman, twa sa yo, jwenn twa Anj sa yo ki te desann, epi wè imitasyon an, e latriye, ou wè, wè kisa ki vrè ak fo. Ou wè? Ou wè?

<sup>189</sup> Remake, yo te fè menm mirak yo. Men, remake, yo te imite apre vrè Pawòl la te fin wen, pa vrè sila a ke Bondye te voye a; yo te swiv, an dezyèm.

<sup>190</sup> Mwen mande m si nou te ka reflechi pou on minit. Nan pran moun yo nan men, sa pa fè lontan, apeprè ventan de sa, ak yon siy ki te parèt. Gason, te gen plis siy ankò toupatou, epi tout moun . . . Youn genyen l nan men dwat li; youn genyen l nan men gòch li; lòt la pran sant li. Ou wè, tout kalite . . . E mwen mande tèt mwen . . . Bondye p ap kite m di nou nan moman sa kisa ki te vrèman verite a, men yon jou nou pral dekouvri. Se te jis pou fè foli yo manifeste. Sa pat kòrèk, nan kòmansman an. M ap di nou, yon jou, si Seyè a pèmèt sa.

<sup>191</sup> Remake, yo te fè menm mirak yo, men yo pat . . . Remake, yo pat fè l toutotan ke Pawòl orijinal la potko soti, an premye. Se fason sa a Satan te fè nan jaden Edenn lan. Se fason sa a li te fè tout tan. Kimoun ki te pwofetize anvan? Moyiz. Kimoun ki vin sou sèn lan anvan, Moyiz oswa Balaam? Moyiz. Kimoun ki vin sou sèn lan anvan, Jeremi oswa Ananya? Nou wè kisa m vle di?

<sup>192</sup> Remake, yo te kopye. Imitatè chanèl, sensè, ki panse yo tap “rann Bondye yon sèvis,” menm jan David te fè, semèn pase a, men se te yon imitasyon chanèl. Mwen jis ap tann yon minit. Mwen vle nou reflechi nan mitan obsèvasyon sa yo. Si mwen pa di l, sètènman Sentespri a ap revele li, espesyalman bay Eli yo. Ou wè?

<sup>193</sup> Denominasyon Farawon an di: “Nou gen nonm ki ka fè menm bagay sa a,” epi yo te fè l. Ou wè? Poukisa Farawon te fè sa? Poukisa Bondye te pèmèt sa? Poukisa Bondye ta voye yon vrè pwofèt wen laba pou fè yon siy devan Farawon, epi apre kite yon kopi denominasyonèl vin la a epi kopye l devan pèp la? Poukisa Li ta kite yon imitatè parèt pou fè sa, epi fè menm bagay la egzakteman ke Sentespri otantik la te fè? Ou wè, Lekriti dwe akonpli.

<sup>194</sup> Remake, Li te fè sa konsa Li ta fè kè Farawon ak Ejipsyen yo vin di, pou pwouve ke Moyiz pat sèl moun ki te gen Pawòl la. Yo te ka fè tout bagay jis menm jan Moyiz te ka fè.

<sup>195</sup> E poukisa Bondye kite bagay sa a rive nan dènye jou yo? Kifè, menm bagay ke espri bay manti a te di Sedesyas, “Kijan nou pral fè Akab ale laba, pou fè bagay sa yo rive?” Kijan Li pral fè moun sa yo, ki fè legliz yo konfyans, ale laba pou ke bagay Li te predi a rive? Yomenm, nan Laj Legliz Lawodise sa a: “Paske ou di ou ‘rich, epi ou pa bezwen anyen. Mwen enstale tankou yon rèn.’ Ou pa gen anyen! Èske w pa konnen ke ou mizerab, malere, avèg? E Mwen konseye w pou vin achte nan men M,” Li te di: “Iwil ak lò.” Poukisa L te fè l?

<sup>196</sup> Poukisa Li te kite imitasyon sa a parèt nan dènye jou sa yo, lè bagay sa yo ap rive pa vrè Pawòl Bondye a; epi kite imitatè vini epi fè menm bagay la, epi renye vrè Pawòl Bondye a? Li te fè l pou Moyiz. Epi Farawon te fè l kont Moyiz; e sila yo, Jannès ak Jambrès, te fè l kont Moyiz. E Bib la te di ke sa tap repete ankò nan dènye jou yo. Men nou. Kounye a, si sa se pa Lekriti ki akonpli, ki kote l ye?

<sup>197</sup> Èske Moyiz te fè diskisyon avèk yo pou di: “Ey! Ey! Nou pa ka fè sa. Mwen se sèl moun ki te òdone pou fè sa. Ey! Rete sa, touswit?” Li jis kite yo ale.

<sup>198</sup> Kite yo kontinye. Sonje, Bib la te di: “Menm jan foli yo te manifeste, se konsa sa yo ap manifeste nan dènye jou a,” lè Lepouz la anlve epi yo mennen L nan syèl la. Remake.

Moyiz, vrè Pawol manifeste a, pat janm di anyen, li jis lese tonbe. Men Li te fè sa konsa Li te ka fè kè Farawon vin di, twonpe Farawon.

<sup>199</sup> Li te fè menm bagay sa a menm konsa Li te ka twonpe Akab. Epi sèl ti mesye sa a ki kanpe la a pou kont li, ti Miche, ki t ap di yo: “ENSI DI SEYÈ A.” Men yon lòt te kanpe isi a, wen: “ENSI DI SEYÈ A.” Epi kontrè, youn ak lòt.

<sup>200</sup> Nou kanpe jounen jodi a ak ENSI DI SEYÈ A, ke batèm dlo a nan dènye jou yo dwe fêt nan Non Jezikri. Epi yon lòt nonm pral kanpe epi fè mirak, e, yon Trinitè.

<sup>201</sup> Montre m mo *trinite* a nan Bib la. Montre m ki kote ki gen twa Bondye. Montre m ki kote ki gen bagay konsa. Li pa nan Pawòl Bondye a. Pa gen yon bagay tankou yon moun ki te janm batize nan non “Pè, Fis, Sentespri,” nan sèvi ak tit sa yo. Tout bagay sa yo: “O, se kòrèk, sè. Se trè byen, jis pote long... cheve kout nou yo. Se trè byen, ou pa gen pou fè sesi, sela, oswa se lòtbò. O, sa san sans, kèk vye foli”

<sup>202</sup> Men Bib la te di l! E Li te pwomèt: “Nan dènye jou yo, Li tap voye Lespri Eli a, e tap rele moun yo, pitit Bondye yo, tounen nan Lafwa orijinal la tankou sa te ye nan kòmansman an, nan Pawòl la.” Pawòl sa a te konfime, Fis de lòm lan nan dènye jou

yo, menm lan jan sa te ye nan Sodòm; ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li te pwomèt pou fè li. Se pwomès Bondye. Se ENSI DI SEYÈ A.

Remake, yo te fè memm bagay la, jis menm jan Moyiz te fè, jiskaske Bondye te gen ase ak sa.

<sup>203</sup> Kounye a sonje, se ENSI DI SEYÈ A, l ap rive nan jou sa a. Kounye a, chache nan mond lan; pran chak sèk, pran chak klan, pran chak nonm, pran chak legliz! M ban nou lòd, nan Non Kris, pou fè sa, noumenm predikatè yo. M ban nou lòd pou nou li jounal yo oswa konsidere nempòt kote nou vle ale, epi wè si li pa sou latè kounye a menm. Ou wè?

<sup>204</sup> Alò, Matye 24:24 genyen egzakteman rezon. “Sila yo ki fo wen ap parèt nan dènye jou yo, epi yo va fo pwofèt, e yo va twonpe anpil.” Gade li nan tip yo kounye a, jan l vini kounye a, ou wè: “Va twonpe anpil.” “Pwofèt yo,” pliryèl; “Kris yo,” wen yo, pliryèl; plizyè moun diferan, Metodis yo, nou konnen, ak Batis, ak Pannkotis yo, e latriye. Ou wè?

Men gen yon sèl Espri Kris otantik, e se Pawòl la ki fèt chè jan Li te pwomèt pou fè l la.

Kounye a n ap avanse jis on tikal pi lwen, nan kèk Ekriti an plis.

Jiskaske, Bondye te gen ase ak sa, alò sa te fini. Foli yo te manifeste.

<sup>205</sup> Remake. Sonje, pay la sanble egzakteman tankou gress ble a. Ou wè? Kounye a, nou pa ta ka di, anvan la a nan laj Literyen an: “tij la se te ble a,” poutan li gen Lavi nan li. Tij la kòrèk, Lavi a nan tij la te kòrèk, men, sonje, Lavi a te kontinye avanse; li te avanse depi Elize al nan Eli. Lavi a kontinye avanse. Men, sonje, li nan yon lòt etap. Li pa ka rete nan etap sa a. Nou pa ka manje chawony yon lòt aj. Nou pa ka manje yon chawonj Pannkotis, Metodis, oswa Batis. Ou wè, li vin yon chawony. Nou gen Manje fre, Pawòl la pou lè sa a, e latriye.

<sup>206</sup> Sonje, pay la egzakteman tankou gress ble a. Nou pa ka . . . Li pat sanble l nan boujon an, li pat sanble l nan bab la, men li te sanble l sèten nan pay la. Li pat sanble l nan . . . Jezikri menm lan ayè, nan Luther; li pat sanble l nan Wesley; men li sanble l sèten nan Pannkot, se “twonpe Eli a menm si sa te posib.” Ou wè? Men laj nou yo.

<sup>207</sup> Men sonje, legliz Pannkotis sa a, nan dènye jou yo, se te Lawodise a; e yo te fè Kris soti, Nwayo a, Ble a, Limenm. Lè Li te eseye . . . Sonje, lè Li te eseye manifeste Tèt Li nan legliz la, yo te fè L soti. Se te toujou yon legliz, li te pretann li te youn; wen.

<sup>208</sup> Sepandan *men* Pawòl la, se Kris Limenm, se Pawòl wen an ki va vini pou rès Kò Li, Lepouz la. Wen yo, ak menm dlo ki te wouze ble a, jan nou te pale a, ki wouze vye zèb yo tou, sila yo ki wen. Sèlman Eli yo, oswa predestine yo, ap kapab detekte

diferans lan nan mitan yo. Kounye a, Efezyen 5:1 di nou sa, e apeprè kijan sa te ye.

<sup>209</sup> Yo se sila yo ki wen. Tout moun di: “Glwa pou Bondye! Nou gen libète isi a. Alelouya! Nou... O, alelouya! Nou pale an lang, epi nou sote. Nou gen libète pou fanm yo; noumenm moun yo eseye mete yo anba tout kalite bagay sa yo.” Ou wè? Pike pou pi devan. Pa gen anyen nou ka fè. Nou di: “Ebyen, nou pale an lang. Nou rele. Nou danse ak l’Espri a. Nou preche Pawòl la.” Absoliman. Pa gen yon bagay pou di kont sa. Se konsa mesye sa yo fè anvan la nan Bib la.

Jezi te di: “Li tap twonpe Eli yo menm si sa te posib, Eli yo menm.”

<sup>210</sup> Kounye a remake, pay la... Depi nan Grenn orijinal la, Grenn ki tale nan tè a, Li pat yon òganizasyon. Li te yon Grenn, nan Limenm. Men lè li te jèmen, li pat yon Grenn; li te yon òganizasyon, ou wè, fèy, mayi.

Apre sa Li tale nan yon lòt etap, ki te yon bab. Li toujou pat tankou komansman an. Li te yon òganizasyon.

<sup>211</sup> Li tal nan pay la, anpil fèy, Pannkot la, li prèske fòme kounye a. Gade li. Lap pran fòm tout tan, prèske egzakteman menm jan an, li sanble egzakteman ak yon Grenn ble lè nou wè ti anvlop sa a la a.

<sup>212</sup> Men finalman Li manifeste, epi nanopwen òganizasyon. Pa gen lòt transpòtè ankò. Òganizasyon se jis yon transpòtè. Nanpwen transpòtè ankò; tij la dwe mouri, pay la dwe mouri, tout lòt bagay la dwe mouri, men ble a kontinye viv. Sa se kò rezirèksyon an, ki desann dwat epi pran yo. “Sila yo ki dènyè ap premye, e sila yo ki premye ap dènye.” Ou wè, pran yo dwat nan rezirèksyon an. Èske n ap swiv sa? [Asanble a di: “Amèn.” —Edité a.] Trè byen. Remake, gress lan se... .

<sup>213</sup> Pay la sanble egzakteman ak gress lan. E yon nonm kap leve yon fèm ble, oswa yon lòt bagay, tap gade epi di: “Louwanj pou Bondye, mwen gen yon rekòt ble,” lè li pa gen yon tak ble. Hmm? Li sanble jis egzakteman ak ble a, men se pay la.

<sup>214</sup> Kounye a, zanmi, tounen avè m. Ki kote premye revèy la soti, apre (lanmò a) jou lè gress ble a te dwe tonbe nan tè a, Kò a, Lepouz Kris la? Kris te òganize Lepouz Li, èske se vre, Legliz Li? Li pat janm òganize Li; Li jis tabli apot, ak pwofèt, e latrìye, nan Legliz la, pou kenbe L pwòp. Men nan Nise, Wòm, twasansizan apre, yo te òganize l epi yo te fè yon òganizasyon avè l. Èske se vre? Epi l te mouri. Tout bagay ki pat dakò ak legliz sa a te jwenn lanmò. Epi l te toujou lonje san bouje, pandan plizyè santèn lane, nan pousyè a.

<sup>215</sup> Men, apre on moman, li parèt nan Luther. Premye ti pouss mayi yo parèt. Dezyèmman, li te boujonnen apati de la a. Yo te

kontinye, yo te gen Zwingli e latriye, epi lòt òganizasyon yo e latriye. Lèfini, apre on moman, Anglikan yo vini.

<sup>216</sup> Epi kisa k te rive? Men Wesley vini ak yon nouvo revèy, bab la, ki sanble on tikal plis ak Ble a. Apre sa kisa ki te rive sa a? Li te òganize, epi te seche epi li te mouri.

<sup>217</sup> Lavi a tale dwat nan pay la, epi pay la soti prèske pafètman tankou Ble a. Men, finalman, foli li te manifeste nan dènye uit oswa dizan yo, espesyalman nan dènye twazan yo. Kounye a kisa l fè? Rale kòl sot sou Ble a.

<sup>218</sup> Kounye a poukisa pat gen yon òganizasyon ki kòmanse nan dènye ventan sa yo nan gran revèy sa a; se pwofèt wen yo, anseyan wen yo, e latriye, men poukisa pa la? Pa gen anyen ki pi lwen pase Grenn lan. Ou wè, Li tounen, san yon òganizasyon. O la la, yon nonm avèg te ka wè sa. Li pa ka òganize; Li tèlman fèm kont li. Se gress Ble a, Limenm. Fis de lòm lan ap manifeste. Grenn Ble a ap tounen nan Limenm ankò, Fis de lòm lan nan dènye jou yo.

<sup>219</sup> “E pral gen fo imitasyon sou Li kap vini, nan dènye jou yo, sa pral prèske twonpe Eli yo si sa posib.” Gade pay òganizasyonèl yo kap rale kò yo soti kounye a.

<sup>220</sup> Li sèlman kite yo konnen Ble a, pou Eli yo, ki fè pati de Li. Remake kijan yo pote sa on bèle fason isi a kounye a. Sèlman a . . . Remake, sila yo ki wen yo pral kapab; vrè Eli yo, predestine yo, Efezyen 5:1, oswa, 1:5, pito, yo va òdone, eli. Yo se sèl moun ke sa p ap twonpe.

<sup>221</sup> Remake, pwofèt wen yo ap fo, e la a nan mitan sa ap gen vrè wen. Kijan nou pral fè diferans lan? Pa Pawòl la. Tankou, nou genyen l an tip. Èske nou wè li? Di: “Amèn.” [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Ou wè?

<sup>222</sup> Remake, sila yo ki wen, sèlman Pawòl la ki va distenge yo, pa siy yo. O, non. Yo va fè menm siy yo, men Pawòl la se sa ki distenge yo. Sèten. Yo tout te pwofetize. Yo tout te fè sesi, sela, ak se lòtbò, sèten, jis menm bagay. Jezi te di yo tap fè menm bagay la. Men Pawòl la se sa ki separe yo, remake, pa siy yo.

<sup>223</sup> Èske nou te remake? Jezi te di isi a, nan Matye 24. Li pat di: “Pral gen fo Jezi kap parèt nan dènye jou yo.” O, non, yo pa tap janm tolere sa. Non. Pran yon Pannkotis ki se yon vrè Pannkotis, ki ta di, limenm, li se “Jezi”? Ou wè? Pran yon fo Metodis, oswa yon Batis, oswa yon moun konsa, oswa youn nan òganizasyon yo, ki ta di: “Nou se Jezi”? Yo konnen pi byen pase sa. Yo pa pral fè sa. Men Bib la te di yo tap dè “fo Kris,” pa dè Jezi, men “dè fo Kris.” Yo pa tap admèt, pou di: “Mwen se Jezi.” O, non.

<sup>224</sup> Men yo se dè “fo Kris,” epi yo pa konn sa, paske yo kontrè ak Pawòl la. E Bondye konfime l. Kounye a, m ap jis pote sa dwat nan yon konfwontasyon la a, paske nou te wè moun sa yo fè menm bagay la ke vrè yo te fè a. E Jezi te di sa.

<sup>225</sup> Bon, jan m te di a, kounye a a noumenm moun yo laba ki nan teritwa telefòn lan, mwen—mwen p ap kondane nou, men sa se legliz mwen ak—ak gwoup mwen ke Sentespri tabli mwen sou li, e mwen dwe di yo Laverite. Lè a ap vin fè ta.

<sup>226</sup> Bon, yo pa tap tolere sa, men, “dè fo Kris,” fo, sila yo ki wen, prèske avèk chak siy ak chak lèt de Pawòl la. “Yo kwè batèm Sentespri a?” Absoliman. “Yo kwè nan tout *sa?*” Wi. “Yo kwè nan pale an lang?” Wi. “Yo kwè siy ak mèvèy ki swiv, siy kap swiv yo?” Wi. Sa se pa Metodis yo, se pa Batis yo. Non, non. Se Pannkotis yo. Ou wè, sa se dènye jou a.

<sup>227</sup> Bon, nan premye laj legliz la yo pa tap janm remake sa. Laj legliz Metodis la pat janm remake l; laj legliz Batis la, yo pat janm remake l; laj legliz Presibiteryen an, yo pat janm remake l. Men, Pannkotis la, tèlman pwòch tankou vrè Bagay la! Sa se kote, Ble a . . . pay la prèske tankou Ble a. Yo pa tap janm remake l. Ou wè? Yo pa tap fè l. Men se dènye jou yo, jou sa a. Wi, mesye.

<sup>228</sup> Remake, jis tankou sa te ye nan kòmansman an, se konsa sa va ye nan fen an. Menm jan Èv te jis mal entèprete yon sèl Pawòl, Satan te fè Èv sa, epi li te kwè l. Manzè, pa misye; legliz la, pa Limenm. Ou wè? Legliz la te sila a ki te resevwa fo pawòl la. Ou wè? Pa Adan; Èv. Pa Kris la; legliz la, lepouz la, ki wen an, ki si poze se sa li ye, ki rele tèt li Lepouz la, ou wè, se li ki te resevwa fo pawòl la.

<sup>229</sup> Èske nou pa ka wè sa? Enben, li mare ansanm menm jan ak yon lasèt, tankou plim je sou je nou. Enben, tout kote nou gade, nan Bib la, Li jis mare tout sa ansanm. Èv, pa Adan; Èv te kwè l, pa Adan. Lepouz jodi a, swadizan an, te kwè l; pa Kris la. Gen tout sòt nan lepouz la, swadizan lepouz la; menm siy yo, menm mèvèy yo, menm nan tout bagay; men pa vrè Sila a. “Pou twonpe Eli yo si sa te posib.”

<sup>230</sup> Byen vit kounye a, si nou rive fini nan kenz minit, n ap a lè. Swiv vrèman byen kounye a, konsa nou p ap—nou p ap mal konprann, pou tèt nou.

<sup>231</sup> Bon, non, yo pa tap tolere pou yo rele yo “fo Jezi.” Yo pa ta dwe, tolere pou rele yo: “Jezi.” Sètènman non. Sa twò klè. Nenpòt moun tap konnen sa. Nenpòt moun tap konnen yo pat Jezi. Sa pa gade m si yo te gen lwil sou do yo, ak san sou men yo epi tout otou je yo, yo toujou konnen se. . . Nenpòt moun ki gen bon sans, tap konnen se pat Jezi. Ou wè? Yo pa tap tolere sa. Men yo rele tèt yo “wen yo.” Epi yo fè siy ak mèvèy: “prèske pou twonpe Eli yo.” “Men fo Kris, sila yo ki wen, va leve, epi va twonpe Eli yo si sa te posib.”

Kounye a gade byen. Pa rate deklarasyon sa a, paske li vo lapèn pou koute.

Li jis ap mete yon riban adezif sou mikwo sa a isi a, pou anpeche l bouje. Mwen transpire; sa te tonbe sou riban adezif la, ou wè.

E kifè sa pral jis tankou Li, jan Bib la te di li tap ye a Ou wè?

<sup>232</sup> Remake, pa dè fo Jezi. “Dè fo Kris!” Yo kwè yo wen, men yo konnen yo pa Jezi. Ou wè, sa twò klè. Si kèk mesye te prezante epi te di, jodi a: “Gade mak yo nan men mwen. Gade sou fwon mwen. Mwen se Jezi.” Ebyen, kounye a, nou konnen ke sa fo. E, sonje, Jezi pat janm di ke mesye sa yo tap parèt. Li te di “dè fo Kris” ta pral parèt. “Dè Kris,” pliryèl, dè denominasyon, e latriye, *sila yo ki wen*; wen ak yon lespri denominasyonèl, e pa Pawòl la. N ap swiv sa? Pa fo Jezi. “Dè fo Kris,” fo sila yo ki wen. Ou wè? O, ala sa klè! Kijan nou . . . Sètènman nou p ap rate l!

<sup>233</sup> Kounye a, sonje, mwen te toujou di nou gen twa kategori moun. Gen twa ras moun: Kam, Sèm, ak Jafè, twa ras. Twa kategori, e mwen te di, ke se kwayan an, swadizan kwayan an, ak enkwayan an. Li toujou sa, l ap toujou sa. Ou wè? Te gen Moyiz, kwayan an; te gen Janès ak Janbrès; enkwayan yo. Ou wè? Te gen Balaam; Moyiz . . . Toujou twa kategori moun sa yo, twa kategori; kwayan an, swadizan kwayan an, ak enkwayan an.

<sup>234</sup> Kounye a sonje, enkwayan an, legliz denominasyonèl la, pa kwè nan okenn siy ditou; frèt, fòmèl, rèd, legliz nan mond lan, denominasyon an. Men swadizan kwayan an se pay sa a. Sa se nèg ki pran pòz li kwè a. Epi apre gen yon vrè kwayan ki reyèlman vrè. Kounye a, gade yo antan yo prale la, jis pou on minit.

<sup>235</sup> E remake kijan enkwayan sa yo odasye, oswa swadizan kwayan ak enkwayan sa yo. O la la! Yo odasye, gade, menm jan Satan te kanpe dwat nan Prezans vrè Pawòl la, epi te di: “Li ekri!” Èske se vre?

<sup>236</sup> Poukisa Satan te fè sa? Se paske li pat konnen Pawòl la pou sa . . . Li te konnen Pawòl la se te pou lè sa a, men li te doute ke ti Òm enb sa a te Pawòl sa a. “Si Ou se Pitit Bondye a. Mwen konnen Pitit Bondye a ap vini, paske Li te di Li tap fè sa. E sa ekri: ‘L ap bay Anj Li lòd sou Ou.’ Ou wè? Pwouve l ban mwen! Fè yon mirak! Kite m wè W fè l.” Ou wè? Ou wè?

<sup>237</sup> Ou wè, enkwayan an, swadizan kwayan an, imitatè a. Gade Jida dwat nan mitan yo, menm lè a, yon swadizan kwayan! Ou wè? Remake, e te gen vrè Pawòl la.

<sup>238</sup> Ala yo odasye! “Kounye a, pa bay okenn atansyon a bagay san sans sa a. Pa gen anyen ladan L. Pa ale la a. Se jis yon bann bri. Pa gen anyen nan Sa. Tout se jis fiksyon. Se nan lespri w sa ap pase.” Ou wè, ou wè sa m vle di? Kanpe dwat nan Prezans Pawòl la epi di sa.

<sup>239</sup> Satan te mache dwat ladann. Jan Bib la te di bò isi a nan Jid: “Menm Akanj lan, lè ti tap diskite ak Satan, li te di: ‘Seyè a repwoche w.’” Kont Pawòl la Limenm!

E men antikris la, wen an, kanpe dwat isi a kont Pawòl otantik jou a, Jezikri, epi ki te di: “Li ekri.”

<sup>240</sup> Gade nan dènye jou yo. “Li tap tèlman pwòch li tap twonpe Eli yo menm si sa te posib.” O la la! Rezon ki fè yo p ap twonpe Eli yo, nou konn poukisa? Se paske yo se Pawòl la. Ou wè? Se jis tankou Lavi a ki nan rasin lan, mwen te di sa toutalè a, Li pa ka renye Tèt Li. Ou wè, Li se Pawòl la e nan sezon Pawòl la. Se vre.

<sup>241</sup> Jis tankou Jeremi, li te konnen. Sa pa enpòtan kisa Ananya te di, li te konnen kote li te ye a. Se egzakteman tankou Moyiz te fè, ak—ak rès lòt yo. Se ke, li te konnen, sa pa enpòtan kisa fo pwofèt la te di, men Pawòl Bondye a ki te la a. Sa te ekri.

Se pou rezon sa a Miche te ka di: “Trè byen, jis tann pou wè.”

<sup>242</sup> Akab te di: “Mwen kwè pwofèt mwen yo. Òganizasyon m lan gen rezon. Lè m tounen nan lapè . . . Mete kanmarad sa a nan prizon an laba. M ap okipe m de li! Ba li pen chagren. Chase li, pa gen okenn kominyon avè l ditou. Lè m tounen nan lapè, n ap okipe nou de nèg sa a.”

<sup>243</sup> Miche te di: “Si jamè ou retounen, Seyè a pat pale avè m.” Ite konnen li te gen ENSI DI SEYÈ A, e vizyon li te egzakteman konfòm ak ENSI DI SEYÈ A; pa pou kèk lòt sezon, men pou sezon sa a. Amèn! Alelouya! Sezon an!

Odasye, kanpe la epi diskite ak yon Akanj! Sa te di, ke “Moun fou yo va mache ak soulye ki gen klou kote Zanj yo pè mache.” Se vre.

<sup>244</sup> Rezon ki fè Eli yo, Jezi te di, p ap twonpe, paske yo se Pawòl sa a. Yo pa ka anyen lòt. Yo pa ka tandé anyen lòt. Yo pa konnen anyen lòt. Se vre.

<sup>245</sup> Sonje, yo pat pote Moyiz ale ak tout imitasyon yo a. Èske se sa? Moyiz te di: “Bon, tann on minit, Farawon. Ou konn kisa? Seyè a te di m pou m fè sa, men, glwa pou Bondye, mwen wè ke ti mesye w yo ka fè menm bagay la. Kifè, m pral di w kisa m pral fè, m ap mete m ansanm avè w”? Huh! Sa pa sanble ak yon pwofèt Bondye. Non, pa ditou! Li te kanpe jis fèm otan li te ka kanpe. Li te konnen, egzakteman, Bondye tap okipe sa yon fason, paske Li te pwomèt sa. “M ap avèk ou. M p ap kite ou.”

<sup>246</sup> Li te konnen, kifè li pat mete l ansanm avè yo. O, non. Li te rete la drèt avèk yo. Li pat vle okenn nan denominasyon yo. Li te rete drèt avèk Bondye. Yo pat pote l ale ak tout bagay yo te ka fè yo. Lè yo te fè yon bagay . . . Li te fè pou vini; yo te fè pou vini. Li te fè san vini; yo te fè san vini. Tout bagay li te fè vini; yo te imite li nan tout fason, nèt ale. Li te jis rete trankil. Li te konnen egzakteman, kisa sa te ye, Bondye t ap travay.

<sup>247</sup> Nou konprann kounye a? [Asanble a di: "Amèn."—Editè a.] Nou pran de plis de, epi sa fè kat? ["Amèn."] Nou pa vle boule twò fò. Kifè, alò nou—nou konprann, ou wè.

Poukisa? Yo p ap twonpe pa li, vrè kwayan an, yo se Semans predestine ki ta dwe kanpe nan jou a.

<sup>248</sup> Senpleman, tou, Jezi te di sa: "Anpil ap vini nan jou sa, nan Non Mwen, epi yo va di: 'Seyè, èske m pat chase demon nan Non Ou?'" Jezi te di: "Nan jou lafen yo, lè tout tan an va fini nèt epi gran rezirèksyon an va vini, alòs ke anpil pral vini epi chita nan Wayòm lan." Wayòm Bondye a anndan nou.

<sup>249</sup> Anpil, move zèb yo pral vini epi chita drèt ak Ble a, li va di: "Kounye a, tann on minit, Seyè! Mwen te pale an lang. Mwen te rele. Mwen te danse nan Lespri a. Mwen te chase demon. Mwen te pale an lang. Mwen te fè tout bagay sa yo."

Kisa L tap di? Remake. "Noumenm ouvrye inikite, Mwen pat janm menm konnen nou."

<sup>250</sup> Kisa ki *inikite*? Mande yon moun. Se "yon bagay ke ou konnen ou ta dwe fè, epi ou p ap fè l." Yo konnen Pawòl sa a. Yo tande Li. N ap koute bann sa a. N ap koute Mesaj sa a. Nou wè Seyè Bondye a di sa; nou wè Li konfime li, fè l vrè. Epi nou konnen Sa jis klè menm jan solèy la ap klere deyò a, men oumenm kap kenbe ak denominasyon w lan, kenbe ak fo bagay sa yo; oumenm ouvrye inikite!

"O, wi, mwen te gen gran kanpay. Mwen te fè *sesi*. Mwen te fè *selà*."

Li te di: "Wete kò w sou Mwen, oumenm ouvrye inikite, Mwen pat janm konnen w."

<sup>251</sup> "Ebyen, Sentepri a te tonbe sou mwen." Mwen pa doute sa on tikal. "Mwen te pale an lang. Mwen te chante nan Lespri. Mwen te fè . . ." Mwen pa doute sa on tikal. Nanpwen kesyon sou sa. O, frè, sè, ki kalite kondisyon!

Sa se yon tan tranbleman. Ki kote nou ye? Pawòl sa a ap vin nan Lavi kounye a. Remake.

<sup>252</sup> Wi, Li te di yo tap fè sa. Remake: "Noumenm ouvrye inikite." Mwen gen yon Ekriti ki ekri isi a. Mwen pa konn jis ki kote l te ye. Mwen te pran tèlman anpil tan. Mwen pral gade l, jis on minit, epi wè kisa l te ye. Mwen gen—mwen gen Matye 7:21. Mwen—mwen jis pa konn ki kote. Mwen, pafwa si mwen pa note anyen avè l, ebyen, lè mwen—m ap preche konsa, mwen—mwen bliye de kisa mwen tap pale sou Ekriti a. Matye 7:21.

*Se pa tout moun k ap plede di m: Mèt, Mèt, ki pral antre nan peyi Wa ki nan syèl la, men se sèlman moun ki fè volonté Papa m ki nan syèl la.*

*Lè jou sa a va rive, anpil moun va di m: Mèt, Mèt, se sou non ou nou t ap bay mesaj . . .*

<sup>253</sup> Pwofèt, sila yo ki wen! Se vre? “Èske nou pat yon pwofèt? Èske nou pat wen, sila ki wen? Èske mwen pat pwofetize nan Non Ou? E nan Non Ou èske mwen pat chase demon?” Kijan w ka fè sa, epi refize batize nan Non Jezi? Ou wè? O la la! Ou wè kijan sa twonpè? Yo avanse jouk la, jouk nan pwen sa, epi yo rekile. Yo avanse jouk bò Pawòl la, epi yo rekile. Kounye a gade sa. Nou pral fè sa klè, jis on minit.

... *anpil moun va di m: Mèt, Mèt, èske se pa sou non ou nou t ap bay mesaj ki soti nan Bondye a. Èske nou pat pwofèt?...*

Wi, mwen te pale de sa nan Matye 24:24.

... *nan non ou... chase move lespri yo. Se nan non ou nou te fè anpil mèv-... anpil mirak.*

*Lè sa a, m a konfese yo: Mwen pa t janm konnen nou. Wete kò nou sou mwen, nou menm k ap fè sa ki mal.*

<sup>254</sup> “Lè Sa te mete dwat devan nou epi nou te wè L, epi nou te wè Li kap aji, nou te wè Se te Pawòl la; epi poutèt denominasyon nou, nou te jis akwoche a sa. Mwen pat janm menm konnen nou. Sa pa gade M konbyen demon nou chase, konbyen nou te fè sesi ak sela; Mwen pat konn anyen sou nou.”

Balaam te di: “Mwen te pwofetize kòrèkteman, nan Non Ou. Sa te akonpli.”

“Se egzakteman vre, men, lè sa te vini nan Pawòl la, ou te refize Li.”

<sup>255</sup> O, frè, ou wè pati twonpè a? Pa “pwofèt,” egzakteman; men ak Pawòl la, vrè Pawòl la, Pawòl konfime ki te manifeste a. “Noumenm ouvrye inikite!”

Eseye, Satan te eseye nan tout laj imite vrè Pawòl la. Nou konn sa, pa vre?

<sup>256</sup> Remake, rive jouk nan limit la epi abandone. Gad isi a, li te di, nan Ebre chapit 6 la (Kounye a, nou tap li sa fè yon moman, mwen te di nou tap “tounen ladan l,” epi n ap fè sa pandan kèk pwochen minit yo.), li te di:

... men *pikan ak pengwen,... ki toupre rejè. Lè sa a, yo ka boule li. (Nan limit la!)*

... nou ki te goute... *kado Bondye a,...*

<sup>257</sup> “Te goute,” sa vle di nan lòt mo, nou te wè Li! Nou pa ka [Frè Branham bat lèv li yo ansanm—Editè a.] jis goute Li ak bouch nou. Men nou te wè L, e nou te konnen Se te Laverite. Nou te konnen Se te Laverite. “Te goute don Selès la.”

... e te reservwa pòsyon pa yo nan Sentespri Bondye a, menm jan Li te tonbe sou nou,

... te goute nan pawòl Bondye a, yo te wè l te gou. ...

“Te goute,” nou te wè Li te vre. “E Sentespri a ap tonbe sou nou,” move zèb la nan chan an.

... epi yo tonbe, . . .

“Ap renye Kris la menm ki te sanktifye nou an, epi ki te rele nou, epi mete onksyon sa a sou nou.”

... *pa gen ofrann bêt ki ka wete peche sa a, pou sa a.*

Sa pa padonab! “Sa enposib pou yo janm vini nan konesans Verite a.”

*Pa gen mwayen pou yo . . . ki te reservwa pòsyon pa yo nan Sentespri Bondye a,*

<sup>258</sup> Li te tonbe sou move zèb yo, ou wè: “Mwen te kòmanse ak Jezi, epi: ‘Seyè, m ap rive jouk nan fen an,’” men lè nou rive nan Pawòl la, nou vire tounen. “Yo te patisipe nan Sentespri a, epi yo te menm goute, oswa te wè Pawòl la Limenm ki manifeste.” Epi apre yo vire do ba Li: “Li totalman enposib pou yo menm wè Li oswa vin nan Li.”

<sup>259</sup> Sa se ENSI DI LEKRITI. Kounye a, nou . . . “Syèl ak latè ap pase, men Li p ap pase.” Nou wè li? “Totalman enposib.” Bib la te di sa, e Lespri a temwaye de sa.

<sup>260</sup> Remake, kite m ban nou yon ti egzant. Gade moun sa yo ki soti anba pwofesi Moyiz la, ki soti nan òganizasyon sa a, epi ki soti nan tout bagay, anba pwofesi a, yo te wè gran zèv ak mèvèy yo, ak bagay konsa, epi yo rive jouk nan limit pou antre ladann.

<sup>261</sup> Kounye a, Lee, men ni “non w nan Liv la”. Ou wè? Ou te regle sa. Epi noumenm ki pa isi a, epi sila yo ki nan—sou koneksyon yo, se Dokte Lee Vayle ki chita isi a. L ap travay gramè nan liv Sèt Laj Legliz sa yo. E pwoblèm lan soulve, oswa kesyon an, sou “non w ki retire nan Liv Lavi Ayo a.” Ou wè, sa entrije anpil minis. Men tann jouk nou jwenn liv la, n ap konprann li si nou jis gen kèk Limyè nan nou. Ou wè?

<sup>262</sup> Remake, kounye a, n ap vire tèt nou epi nou p ap menm gade Li si nou pa vle wè Li. Tankou manman m te konn di: “Ou pa ka fè san tot nan yon navè, paske pa gen san nan li.”

<sup>263</sup> Remake, Limyè a dwe vini; se pa nan fènwa. Limyè a vini nan fènwa a, epi fènwa a pa wè L. Remake kounye a sila yo ki wen nan jou sa a.

<sup>264</sup> Menm jan Moyiz te fè timoun Izrayèl sa yo soti; epi yo te koutre epi yo tout te vin nan konfizyon akoz gran nasyon sa a laba a. Bon, Izrayèl te entèdenominasyonèl. Li pat gen okenn peyi, li pat gen okenn patri. Li ta pral nan patri li.

<sup>265</sup> Nou pa gen legliz. Nou pa . . . Nou—nou pral nan yon Legliz, Legliz Premye Ne yo, Legliz ki nan Laglwa a; pa legliz ki sou latè a, selon lòm. Legliz ki nan Laglwa a, sila yo ki aple pou soti, predestine pou Lavi Etènèl, ou wè, ki pral nan Patri yo.

<sup>266</sup> E lè yo rive nan plas la pou travèse, yo te doute Pawòl la, epi yo tounen. Apre Jozye ak Kalèb ak lòt yo te al lòtbò a epi yo te pote yon grap rezen, pou pwouve yo peyi a te la a, Pawòl pwomès Bondye a: “Se yon bon peyi, lèt ak myèl.” Epi yo te pote l, sou bò sa a, pou pwouve li ba yo. E yo te goute li, epi yo te di: “O, o, nou pa ka fè l, poutan.”

<sup>267</sup> Kisa ki te rive yo? Yo te jis peri nan dezè a. Yo te jis rete la a epi yo te òganize tèt yo, epi yo te mouri, chak grenn nan yo, eksepte sila yo ki tale lòtbò a epi ki te pote yo, Jozye ak Kalèb; Moyiz te anlve. Yon tip Legliz la k ap tann; e rezirèksyon Ansyen Testaman an, Nouvo Testaman an; epi Kò ki anlve a. Ou wè twa yo la a? Nou dwe kenbe twa sa yo nan liy, ou wè, konsa, nan kwayan an ak enkwayan an. Ou wè?

<sup>268</sup> Remake kijan sa te ye “totalman.” Sonje, Bondye pat janm padone peche sa a. Kounye a kijan yo pral antre? Si se pikant, pou kòmanse, se pikant alafen. Sèlman predestine yo kap wè Li.

<sup>269</sup> Remake byen kounye a. Jis tankou nan jou Sen Martin yo, jis anvan Laj Tenèb yo; yon ti nonm trè sen. Konbyen moun ki te janm li ekri Sen Martin yo? Anpil nan nou fè l. Nou te desann pou n pran ekri Sen Martin yo; prêt la te di: “Men li pat kanonize.” Sèten, li pat sa; pa pa yomenm, men li te kanonize pa Bondye. Sentespri a te di nou pou n mete l la a sou twazyèm laj legliz sa a. Ou wè?

<sup>270</sup> Gade ki jan li te yon ti nonm trè sen; li te aple, predestine. Paran l yo, payen. Papa li, yon sòlda. Li te dwe swiv liy li, pou l yon sòlda. Epi, lè l te fè sa, e l te toujou kwè ke te gen yon Bondye yon kote; yon nonm nan bwa, epi ki te ka wè Bondye. Yon jou li te pase nan yon vil, epi te gen yon vye avadra ki lonje la a, ap mouri, ap mande yon moun... Li te fè frèt jou swa sa a. “O,” li te di: “ban m on bagay pou kouvri m; m ap mouri aswè a.”

<sup>271</sup> Pèsòn pat vle fè l. E Martin te rete sou on bò epi te gade l pandan on moman. Pèsòn pat vle fè l. Li te sèlman gen yon manto. Li tap jele, limenm, li te an sèvis, si li—li ba li manto sa a. Kifè li te panse: “Nou toude gen yon chans pou n viv si m ap separe avèk li.” Kifè li te pran pwòp manto pa l, epi li te fann li an de ak epe li, epi li te vlope vye avadra a ladan l. Li te vlope l ak pwòp manto pa l.

Tout moun te di: “Gade yon santinèl ki parèt dwòl. Gade yon sòlda ki parèt dwòl, mwatye yon manto ki te vlope li!”

<sup>272</sup> Lannwit apre a, lè li pat an sèvis epi li te lonje nan kabann li, yo te leve li. Li te gade, men ni ki te nan chanm lan, e Jezikri te kanpe la debou vlope nan vye moso rad ke li te mete toutotou li a. Li te konnen la menm: “Sa ou fè ti pa M yo, se Mwenmenm ou fè l, pou wen M lan,” ki lonje la a.

<sup>273</sup> Li te yon gran sèvitè Bondye. Legliz la te pran plezi sou li, te pèsekite li, te choute l deyò, epi tout lòt bagay, men li te yon

pwofèt Bondye. Sa l te di rive. Te gen anpil ki te kwè l nan laj sa a, tou.

<sup>274</sup> Mwen vle montre nou kijan dyab la twonpè. Yon jou li te chita nan biwo li. Yon anj pwisan parèt, ak yon kouwòn sou tèt li, soulye lò sou li, riban lò toutotou rad li, epi li te di: "Martin, èske w konnen m?" Li te di: "Mwen se Seyè ak Sovè ou. Mwen se Sila a ki te sove w. Adore m, Martin." Men pwofèt sa a, ki konnen te gen yon ti bagay etranj la a, li te kontinye ap gade li. Li te di: "Martin, mwen se Sovè ou, Jezikri. Adore m! Èske w pa konnen m, Martin?"

<sup>275</sup> Martin te kontinye ap gade l, Ekriti a tap travèse lespri li. Li te di: "Satan, wete kò w sou mwen." Li te di: "Ou gen yon kouwòn sou tèt ou. E Pawòl Bondye a di 'sen L yo ap kouwone Li' nan fen laj la."

Èske sa pa tap yon pyèj Pannkotis? Gade Pawòl sa a, frè. Se la ke sa rapòte.

<sup>276</sup> Yon jou, ankò, nan monastè a, yo te gen yon vye sen laba a, yon gwoup jèn mwàn. Te gen youn nan yo ki on jan akaryat. Gade sa, men yon bon—yon bon parabòl pou jodi a. Li te vle pou l yon bagay ki pi wo pase rès lòt yo. Li te vle montre li gen ototrite, on bagay ki pi gran, on bagay miyò, ki gen klas nan tout bagay, nou konnen, epi yon bagay espektakilè. Li te dwe klasik. Li te toujou vle pou lòt frè yo pa... Nou konnen, li te dwe diferan. Ou wè? Li, sa pa enpòtan kisa l te ye, li te trè awogan. Li te sèl galèt sou plaj la. Pat gen pèsòn ki te ka manyen li. Bon gade sa k te rive. Li te dwe yon moun ki gran. Li te dwe konpare ak gwo sosyete yo—yo. N ap swiv mwen? Ou wè? Kifè, li te di, li te pwofetize. Li te di: "Seyè a te fè m yon pwofèt, tou. Mwen se yon pwofèt."

Bon, te gen yon sèl pwofèt idantifye nan peyi a, e se te Sen Martin; li te ne yon pwofèt.

<sup>277</sup> Men ti jèn sa a te di, jenn kanmarad sa te di, jenn mwàn apeprè vennsenk an, li te di: "Seyè a te fè m yon pwofèt, e m pral pwouve nou li." Li te di: "Aswè a Seyè a pral ban mwen yon gwo, bèl wòb, mete l sou mwen, yon wòb blanch, epi m ap mete m nan mitan nou. Apre sa nou tout va vin bò kote mwen, ou wè, epi n ap pran lòd nan men m."

Kounye a konpare sa jodi a, ou wè: "M ap alatèt òganizasyon an. M ap okipe nou, rès mwàn yo."

<sup>278</sup> E se sèten "nwit sa a, limyè yo limen nan biling lan," se sa ekri Sen Martin an di. Li l. E li otantik. Se istwa. Epi limyè yo limen, epi tout rès lòt yo te gade, epi men ki vini... Li te gen yon wòb blanch, kanpe nan mitan yo. Li te di: "Nou wè kisa m te di nou?" Men sa kontrè ak Pawòl la.

<sup>279</sup> E lè li tal chache ansyen dwayen kolèj la, li te mache monte desann on tikal, li te di: "Ptit gason m, sa pa sanble l kòrèk." Li te di: "Gen sèlman yon fason." Men li! "Gen sèlman yon fason

pou nou konnen. Sa te sanble sinatirèl.” Gason, Pannkot la tap vale sa, rasin lan, plon an, liy lan, kwòk la, ak tout lòt bagay! Li te di: “Mirak la ka sanble l trè kòrèk, men li pa sanble l kòrèk pou Pawòl la. Bon, nou gen yon moun konsa, yon pwofèt wen, non li se Martin. Vini, prezante w devan l.”

Nèg la te di: “Non, non! Martin pa gen anyen pou wè ak sa.”

Epi l te di: “Ou prale, kanmenm.” Epi yo te atrap li nan bra, pou mennen l devan Martin, epi wòb la te kite l.

Ou wè: “Twonpe Eli yo si sa te posib.” Ou wè, yo konnen yo. Jezi te di: “Brebi M yo konnen Pawòl Mwen.”

“O,” ou di: “tande *Vwa Mwen.*”

<sup>280</sup> Se Pawòl Li. “Lòm p ap viv de pen sèlman, men de tout Pawòl.” Ou wè? Predestine an conn sa. “Yon pawòl etranj, oswa yon vwa etranj, yo p ap swiv.”

<sup>281</sup> Se fason sa a ak kanmarad sa yo anvan la a; yo pa tap swiv. Yo te konnen ke Martin te la a, yon pwofèt pou laj sa a, idantifye pa Bondye atravè Pawòl la, ki te konnen Pawòl la. E nonm sa a pa tap kanpe devan Sa.

<sup>282</sup> Li te di tou: “Kote Kadav la ye,” oswa Pawòl la, “la a, nan sezon an, èg yo va rasanble.” Kounye a sa se Mat- . . . Nou vle ekri sa, se Matye 24:28. Jis on ti kras anvan, Matye 24:24; se kat vèsè pi lwen, ou wè, si nou vle li l. “Kote Kadav la ye,” Lamàn lan ye, Pawòl la ye, “la a èg yo va rasanble.”

<sup>283</sup> Kounye a m dwe prese. M te gade laba a epi m te wè ki lè . . . Li—li midi sét minit oswa uit minit. M ap prese byen vit, oswa nou ka fini l aswè a, swa youn ou lòt jan nou vle fè l la. Maten an oswa aswè a? Huh? Konbyen ki dwe al lakay yo jodi a apre sèvis la, kite n wè men nou, ou wè. O la la, pito n kontinye!

<sup>284</sup> Mwen regrett mwen kenbe moun sa yo ki sou telefòn yo la a konsa, men m ap prese. Li vo plis pase lajan nou. Mwen kwè se sa, pou mwen, ou wè. Lajan nou ap peri. Sa a p ap peri; Se Pawòl la. Ou wè?

<sup>285</sup> “Kote Kadav la ye, la a èg yo va rasanble.” Kote Kadav la, kote touye a—a—a fèt la, se la a èg yo va rasanble. Kote Vyann fre a ye, Pawòl la pou sezon an, se la a èg yo va rasanble.

<sup>286</sup> Men apre li fin pouri, lè sa a votou yo ap on pakèt ki sanble pou li. Wi. Ou wè kisa m vle di? Lè yon touye fèt, men èg yo vini; men apre li fin lonje la a, epi pouri, lè sa a men votou yo vini. Èg la p ap gen anyen pou wè avè l. Ou wè?

<sup>287</sup> Jezi te di: “Kote Kadav la ye,” kote Lamàn lan te tonbe, jou swa Lamàn lan tonbe fre, “la a èg yo va rasanble pou Li.” Sa se Lamàn lan pou jou a. Ou wè? Remake.

<sup>288</sup> Men apre li fin pouri, vè yo antre ladan l, lè sa a men votou yo vini. Yo pa ka pran sant li jouk li vin pouri. Pa etone Jezi te kanpe la a epi te di: “Jerizalèm, oumenm ki te kalonnen

tout pwofèt yo ak wòch!” Remake pwonon pèsonèl sa a, ou wè: “Jerizalèm, Jerizalèm, konbyen fwa Mwen ta . . .” Kimoun Li te ye? “Konbyen fwa Mwen ta vle rasanble nou tankou yon manman poul ta fè pitit li yo, noumenm ki te kalonnen ak wòch tout pwofèt yo Mwen te janm voye ban nou,” gran legliz sa a, Jerizalèm.

<sup>289</sup> Jerizalèm lan ki pa isi a sou latè, “men nou sot nan Jerizalèm ki Anwo a,” kote Pawòl la soti, sot nan predestinasyon, ou wè. Pa ansyen Jerizalèm ki peri a; Nouvo Jerizalèm ki pa ka peri a. Pa ansyen Jerizalèm lan, ke lòm te bati a; men Nouvo Jerizalèm ke Bondye te bati a, ou wè, Pawòl la anwo la a kounye a kap manifeste. “Lakay Papa Mwen gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare yo pou nou,” Kreyatè a ap fè lari annò yo, e latriye. Se Sila ki pa peri a.

<sup>290</sup> “Jerizalèm, Jerizalèm, konbyen fwa Mwen ta,” depi nan kòmansman tan an; pa yon twayèm Moun, yon lòt moun, men: “Mwen ta vle plane anlè nou tankou yon manman poul te fè pitit li yo, men nou pat vle. Men kounye a lè ou rive.” Ou wè?

“Kote Kadav la ye, èg yo va rasanble.” Men apre kadav la fin pouri, lè sa a votou yo rasanble. Ou wè?

<sup>291</sup> Remake. Moyiz, li pa janm bay pitit Bondye yo . . . Moyiz te yon èg, e li pa janm bay pitit Bondye yo rès Noye yo. Ou wè? Li te gen Pawòl Bondye ki fre a. “Seyè Bondye a te rankontre m nan dezè a, epi Li te konfime Pawòl Li, epi Li te voye m desann isi a pou rele nou pou n soti.” Lè sa a gen imitatè ki vin nan viwonn lan, ap imite sa. Ou wè? Men li te gen Pawòl la pou lè a.

<sup>292</sup> Paske, Bondye te di Abraham, sila ki te gen pwomès la: “Semans ou an va pase sejou nan yon peyi etranje, pandan katsan zan, men M ap vizite yo epi fè yo soti ak yon men pwisan.”

Moyiz te di: “Bon, Seyè Bondye ap pale avè m epi montre m, epi te di m kisa pou m fè, e m ap di nou.” Li te di: “MWEN YE” te voye m.”

<sup>293</sup> “MWEN YE!” Pa “Mwen te ye, oswa pral ye.” “MWEN YE,” o prezan, Pawòl la kounye a. Pa Pawòl ki te ye a, Pawòl ki pral vini a; Pawòl la ki la kounye a. Ou wè? Nou konprann li? “MWEN YE!” “MWEN YE” se Pawòl la. “Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye.” Èske se vre? “MWEN YE.” “Bondye te voye m kòm pwofèt Li, pou konfime ke sa a se vre. Mwen se repons lan pou Pawòl sa a, Li te di m desann isi a epi fè sa.”

E lè l te fè sa, Farawon te di: “Ebyen, nou gen plen ti mesye nan gwooup nou an ki ka fè sa, tou,” imitatè.

<sup>294</sup> Jezi te di: “Bon, sa pral repete ankò nan dènye jou yo,” ou wè, yo pral pretann menm bagay la. Gade kimoun ki rive an premye. Gade kimoun ki te rete ak Pawòl la. Se sa. Se konsa yo konnen l.

<sup>295</sup> Kifè, nou wè, nou remake, Moyiz pa janm ba yo sa ki te nan tan Noe, “N ap bati yon lach kounye a, paske se Pawòl la, nou konnen. Noe te bati yon lach yon jou.” Non, se votou ki tap manje sa. Non. Non.

Sa se yon Pawòl ki pwomèt. Remake, pou mesaj li ke l te gen kot Bondye a, li te gen Pawòl otantik predestine Bondye a pou lè sa a.

<sup>296</sup> Nitou Jezi pat sèvi yo rès Moyiz. Moyiz te gen Pawòl la pou lè sa a, men Moyiz te yon pwofèt. Men Bondye isi a Limenm, ou wè, Li pat janm sèvi yo rès Moyiz—Moyiz.

Men jis gade votou yo la a nan òganizasyon sa a, ki tap aloufa sou li. “Nou konnen! Nou gen Moyiz! Nou pa oblige genyen W.”

Li te di: “Si nou te konn Moyiz, nou tap konnen M, paske Moyiz te pale de Mwen.” Ou wè?

<sup>297</sup> “Se kote Kadav la ye, èg yo va rasanble.” Èg! Sa yo touye tou fre nan Pawòl la, Pawòl la yo te pote a epi ki angrese, epi ki te manifeste epi distribye pou Manje pou timoun yo.

Bon, vye kadav la ki te lonje la a pandan plizyè santèn lane, la a l ap rete.

<sup>298</sup> Menm bagay kounye a! Luther te gen yon mesaj repantans; men, noumenm bann votou Literyen! Batis yo te gen yon mesaj; men, noumem votou Batis! Ou wè? Pannkotis yo te gen yon mesaj; m ap apwoche bò objektif mwen la a, votou Pannkotis!

“Men kote Kadav la ye, se la a èg yo va rasanble.”

Sonje, nou pat ka nouri yon Literyen, anvan nan jou sa yo (nou kapab kounye a), ak chawony Katolik. Non, mesye. Li te gen vyann fre. Sa se te laj legliz sa a.

<sup>299</sup> Nou pat ka nouri Metodis, ak mesaj Literyen. O, non, li pat vle yon chawony konsa. Li pouri. Ou wè, Lavi a te fin kite l epi tale nan yon lòt bagay. Sa se ansyen tij la ki mouri a, laba a. Lavi a ap kontinye avanse.

Nitou nou pa ka nouri Lepouz Jezikri ak Pannkotis. Non, vrèman pa! Òganizasyon ki enfeste ak vè; aryen afè! Non, non!

<sup>300</sup> Paske pwomès la se: “E anvan gran jou terib sa a va vini, M ap voye ban nou Eli pwofèt la. L ap restore kè timoun yo tounen nan Lafwa papa yo ankò.” “Tout pwomèsa yo te fèt nan Bib la, M ap fè sa, e èg yo ap rasanble la a.” “Tout sa Papa a ban Mwen ap vin jwenn Mwen.” Ou wè?

<sup>301</sup> Jezi pat janm eseye sa. Men lè Jezi vini, Li te jwenn mas votou sa yo: “Nou gen Moyiz ak lalwa a.” Ou wè? Ebyen, sa se te bon manje anvan laba a nèt lè yo te touye sa epi ba yo. Ou wè, sa te kòrèk lè sa a.

<sup>302</sup> Men sa se sa ki te predi bay Moyiz, limenm, ki te touye sakrifis la, sa te di: “Seyè Bondye nou an va leve nan mitan nou, pamí pwòp frè nou yo, yon Pwofèt. Sa ap rive, ke nenpòt moun

ki p ap atache ak Pwofèt sa a ak sa Li di, y ap retire L nan mitan pèp la.” E se sa k te rive.

<sup>303</sup> Gade kijan apeprè sis an pwofesi diferan te akonpli la menm, nan Ansyen Testaman an, pou Jezikri. “Yo te pèse men M ak pye M.” Apeprè, mwen blyie konbyen ki te akonpli nan dènye sèt oswa uit èdtan nan lavi Li, tout sa pwofèt sa yo te di a, pafètman.

<sup>304</sup> Si mwen te pwofetize jodi a ke yon sèten bagay tap rive nan yon lane, petèt mwen gen—mwen gen ven poustan chans pou sa rive, kit li vrè oswa fo. E si mwen te predi ke sa tap rive, epi m pat di kilè, mwen gen yon poustantaj ki pi piti. Si m te predi kilè li tap rive, sa ban m yon maj ki pi piti. Si m te predi plas li te rive a, sa ba l ankò yon maj ki pi piti. Si m te predi la . . . sou kimoun sa tap rive, lè sa a m gen ankò yon maj apeprè yon chans sou san mil ke sa ap jamn rive, si se pa vre.

<sup>305</sup> E chak Pawòl, alelouya, ki te ekri sou Mesi sa a, te akonpli alalèt. Menm jouk yon jou, nan li Lèzekriti, Li te kanpe drèt nan mitan fraz la, epi Li te di: “Lespri Bondye a sou Mwen pou preche Levanjil la, epi delivre . . .” Epi Li te kanpe la menm nan mitan fraz la, paske rès la se pou dezyèm Vini Li a. Amèn! “Syèl la ak latè ap pase; Pawòl Mwen yo p ap pase.” Ou wè?

<sup>306</sup> Li te Pawòl la lè sa a, ki tap nourri yo lè sa a. Moyiz te di yo Laverite; men, nou wè, yo toujou fè yon denominasyon avè l, pou votou yo pou . . .

<sup>307</sup> Gen kèk ladan Li ki te rete apre èg yo te fin manje epi tale lakay yo. Apre sa y ap tann pou wè yon lòt bagay. “Pawòl la,” yo di: “la Li dwe rive. Nou te gen karibou ayè; nou gen mouton demen.” Ou wè kisa m vle di? “Gen yon vye kadav karibou laba a, y ap jibile, men nou gen mouton kap vini jodi a. Ki kote l ye?” Ou wè sa m vle di a? Manje Zanj yo! Moun ki manje lamàn lan yon jou, si yo te eseye kenbel pou jou apre a, li te vin kontamine. Èske nou pa wè tout tip yo, kijan sa pafè? Se menm bagay kounye a!

<sup>308</sup> Remake, votou nan jou Jezi yo tap chase demon tou; sila yo ki wen ki tap nourri tèt yo ak vye kadav la. Èske se vre? Yo tap chase demon. Jezi te di sa.

<sup>309</sup> E sonje, yo te gen pwofèt nan jou sa yo. Kayif, gran prêt la, te pwofetize. Konbyen ki konn sa? Kayif te pwofetize. Remake pozisyon move zèb la nan chan an; li wouze pa menm onksyon an. Poukisa Bib la te di li te pwofetize? “Paske li te gran prêt nan ane sa a.” Youn k ap manje charony pouri, yon move zèb ak yon pikan, ki chita nan mitan Ble a; men Lespri a te sou li, Sentespri Bondye otantik la. Sentespri Bondye a te sou li, pou preche, pwofetize, epi di sa k ta pral rive davans; epi li te renye epi te klowue sou lakwa Pawòl konfime a menm pou lè a.

<sup>310</sup> O, mizèrikòd, frè! Pandan konbyen tan ankò nou dwe di bagay sa yo, ou wè, konbyen ankò atravè Lekriti? M pral depeche

m. Mwen gen apeprè dis paj isi a, nan Lèzekriti, kijan pou pwouve tout bagay. "Sòlèy la sou jis la ak enjis la, menm lan."

<sup>311</sup> Jezi te di, pou pwouve sa. "Si Mwen chase demon pa dwèt Bondye a, pa kimoun timoun nou yo chase yo?" Bon, yo tap chase demon. Yo tap pwofetize. Èske se vre? Men yo pat rekonèt Li kòm etan Pawòl pou lè a, (poukisa?) paske Li pat fè pati gwoup yo a.

<sup>312</sup> Kounye a pran Matye 24:24: "Dè fo Kris," sila yo ki wen, "ap parèt, epi pral gen fo pwofèt k ap pwofetize li," ou wè, "e yo va twonpe Eli yo menm si sa te posib." Nou konprann li kounye a?

<sup>313</sup> Remake timoun yo. "Pa kimoun timoun yo . . . Si mwen chase demon pa Pawòl Bondye a," se sa Li te ye, Pawòl Bondye a, "pa kimoun timoun denominasyonèl nou yo chase yo?" Bon, e Bondye sèl ka chase yon demon, nou konn sa, Bondye sèl. Paske, òm fò a dwe pi fò pase sila ki nan kay li a. Yo te gen pouvwa pou fè sa.

<sup>314</sup> Nou konnen, nan Apokalips la la a, sa te di li tap . . . antikris sa a ki te parèt nan dènye jou yo, "Te fè siy ak mèvèy, ki te menm twonpe sila yo ki te abite sou fas latè a, epi li te twonpe chak gress nan yo, Kretyen ak tout, ke non yo pat ekri nan Liv Lavi Ayo a," sa reponn Matye 24:24: "ke non yo pat ekri nan Liv Lavi Ayo a depi nan fondasyon mond lan."

<sup>315</sup> Lavi sa a ki te nan rasin pye zoranj otantik sa a—sa a, ki monte atravè tout fwi fanmi sitwon sa yo ak tout lòt bagay, epi te pase epi mete fwi a nan tèt pyebwa a, anlè tout grèf ak branch denominasyonèl yo. Nou konprann li? M pral depeche m. Òm fò a . . .

Sonje David kounye a, li te onèt, sensè, ap eseye fè on travay pou Bondye, epi li pat òdone pou fè li.

<sup>316</sup> "Yo," sila yo ki wen; men Jezi te di: "Y ap anseye pou Doktrin entèpretasyon (de Ekriti yo) lòm lan," ou wè, pa Pawòl Bondye a, pa Pawòl Li ki konfime; y ap anseye yon Kris istorik, ou wè, on bagay ki te ye.

E Bib la te di: "Li ye." "MWEN YE," pa "Mwen te ye oswa pral ye." "MWEN YE, kounye a menm." Li se Pawòl sa a k ap viv atravè sa.

Li te, nan kòmansman an, Li te nan—Li te nan—pous yo; Li te nan bab la; Li te nan pay la; men kounye a Li nan Grenn lan.

<sup>317</sup> Kounye a, nou tap tounen dèyè epi eseye viv ankò? E si Lavi sa a te tounen desann, nou panse (rès) Lavi sa tap janm pale, tap tounen al jwenn vye pay sèch sa, tap janm tounen epi al viv ladan l ankò? Li pa janm fè sa. "Paske li enposib pou sila yo ki te eklere yon fwa," epi ki pat kontinye avanse ak Pawòl la alòske Li tap akonpli, "yo mouri, fini; epi pikani ak chadwon yo ki toupre pou yo rejte yo, lafen yo se pou yo boule." Èske se vre?

Kounye a m ap depeche m osi vit ke m kapab.

<sup>318</sup> Remake Ekriti a kounye a. Y ap anseye yon Bondye istorik, ou wè, jis tankou y ap eseye viv nan lepase, tankou: “Ebyen, Wesley te di *tèl tèl bagay*.” Oswa: “*Entèl te di tèl tèl bagay*.” N ap refize Pawòl ki te pwomèt pou jou a, Lamàn ki idantifye klè pou jou a. Yo eseye mete vye diven Literyen, Batis, Pannkotis yo nan nouvo boutèy nou yo. Sa pa mache. E nouvo Diven nou an, nan vye boutèy yo a, p ap mache. Si yo eseye mete nouvo Diven sa a nan denominasyon an, foli yo manifeste. Yo pa ka fè l. Sa fè l eklate.

“Kounye a, frè, mwen te wè Pawòl Bondye a, pafètman pa Pawòl la!”

<sup>319</sup> “Kounye a, gade la, doktè, si . . . Nou—nou pa ka gen Sa a.” Ned, mwen panse ou te fè eksperyans nan sa a dènyèman. “Nou, nou jis pa ka gen Sa a isi a kounye a. Mwen—mwen ta prefere pito ke ou petèt jis kontinye wout ou.” Nou konnen. Ou wè, sa p ap mache. Sa eklate.

<sup>320</sup> “Nou pa mete yon nouvo moso rad nan yon vye rad, paske l ap dechire toupatou.” Ou wè? Èske Jezi pat di sa? Nou pa ka mete nouvo Diven nan vye boutèy. Sa fè yo eklate. Nouvo Diven an gen Lavi nan li. Trè byen.

<sup>321</sup> Remake on bagay isi a, byen vit kounye a, pandan nou rive nan fen . . . pale nou an. Remake Apokalips 16:13 rive 14, si nou vle ekri sa. Mwen p ap gen tan petèt pou m al ladan l. Mwen vle nou sèten epi wè li. Kounye a remake, se sa ki sonnen ant Sizyèm ak Setyèm Koup la.

Kounye a nou . . . n ap fini jis nan yon minit, si nou ka jis sipòte kèk minit an plis. N ap fini kounye a.

<sup>322</sup> Remake Apokalips 16:13 rive 14, ant Sizyèm ak Setyèm Koup la, “Twa espri enpi tankou krapo” (èske nou te remake sa?) “te soti nan bouch yon moun.” Kounye a remake, byen vit. Èske nou pare? Di: “Amèn.” [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Yon trinite espri!

<sup>323</sup> Kounye a frè denominasyonèl, ret trankil jis on minit. Pa kanpe epi mache soti nan sal la, noumenm ki branche sou radyo sa a, sou telefòn. Pa etenn aparèy kasèt nou an. Ret trankil jis on minit, epi koute. Si nou fèt nan Bondye, n ap koute.

<sup>324</sup> Yon trinite krapo! Yon krapo se yon bèt ki toujou ap gade dèyè. Li pa janm gade kote li prale; li gade kote li soti. Ou wè? Èske nou pa wè? Ki kote doktrin trinitè a te fèt? Sonje: “twa espri enpi,” espri endivididyèl. Èske nou sezi li? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.]

<sup>325</sup> Remake, yo gade dèyè nan Konsèy Nise a kote doktrin trinite a te fèt, pa nan Bib la. Pa gen bagay konsa. Yo gade dèyè nan Konsèy Nise a nan Nise, Wòm, kote trinite a te fèt la.

<sup>326</sup> Remake ki kote yo soti. Remake. E trinite krapo a te soti nan yon vye trinite, bay nesans a yon nouvo trinite, manman yo. Nan kisa l te soti? Yon trinite, “dragon an,” ou wè, “bèt la,” ak “fo

pwofèt la.” Yon trinite, nouvo. Paske kilè krapo sa yo te soti? Kilè sa te fèt? Remake, yo te la a pandan tout tan an, men sa pat manifeste jouk ant Sizyèm ak Setyèm Koup la, jis anvan So yo te louvri (Hmm?) pou revele li.

<sup>327</sup> “Paske nan Mesaj setyèm anj lan, mistè Bondye yo ta revele,” tout bagay trinitè sa yo, ak fo batèm yo, ak tout bagay te dwe manifeste. Se pou Bondye ede nou wè kisa ki Verite! Epi pa panse se yon moun k ap eseye di yon bagay pou . . .

<sup>328</sup> Mwen santi espri sa a ki opoze a Sa, ou wè. M p ap pale de tèt mwen, frè. M ap pale de Anj Seyè a ki nan kan an. Se egzakteman vre.

<sup>329</sup> Remake, yon trinite! “Dragon an,” konbyen ki konnen kisa dragon an te ye? Se te Wòm. “E dragon an te kanpe devan fanm lan pou devore pitit li a osito ke l te fèt.” Se vre? Kisa “bèt” vle di nan Bib la? Pwisans. Trè byen. “Fo pwofèt, yon fo pwofèt,” yon fo, moun ki wen. Ou wè?

<sup>330</sup> Li te kòmanse ki kote? Sa se “fo pwofèt,” sengilye. “Fo pwofèt,” premye pap la; e apati de la a “pwostitye a—a, ak manman pwostitye yo,” tout bagay la nèt.

<sup>331</sup> Yon fo trinite tap leve; pa nan premye jou yo, li pa tap manifeste nan premye jou yo, li te jis kontinye fè zèv li. Men lè pou Sèt So yo vini, epi te louvri mistè sa yo epi te revele yo, se lè “krapo yo, twa espri enpi tankou krapo, soti pou manifeste tèt yo,” yon doktrin trinite kont Verite a. Ou wè? Huh!

Ou wè ki kote li soti? Ou wè ki kote l ap retounen? Konsèy Ekimenik la. Yo tout se frè, tout jan; menm espri yo, menm bagay la.

<sup>332</sup> Epi gade. Sa sitèlman twonpè, y ap fè mirak! E sa yo se demon ki al jwenn tout dye latè a, ap fè mirak, pou twonpe yo nan dènye jou a, epi y ap reyisi fè sa. Kisa Bondye te di sou move lespri sa a?

Li te di: “M ap desann epi antre nan bouch pwofèt sa yo epi lakòz yo pwofetize yon manti, pou lakòz Akab ale laba pou yo detwi l.”

<sup>333</sup> Bondye te di: “Ale. W ap reyisi. W ap fè yo kwè l. Yo pa sou Pawòl sa a, pou kòmanse.” Ou wè? “Ale, paske w ap konvenk li. W ap sila a k ap fè l, lè w antre nan fo pwofèt sa yo, paske li konte nèt sou yo. E li pa konn anyen sou Pawòl la, nitou li p ap eseye aprann sou Li. Li pa ka fè l, paske li se yon chadon, pou kòmanse.” Ou we? Ou wè? “W ap reyisi.”

Gade fo krapo sa yo la, k ap gade dèyè: “Enben, nou konn kisa yo te di laba a nan Nise?”

<sup>334</sup> Ki mele m kisa yo te di, la a nan Nise. M ap di sa yo te di isi a nan Twòn Bondye a; kisa ki tap la, pa kisa ki te la; kisa ki pral la, paske Li se “MWEN YE.” Ou wè?

“Fo.” Gade sa. Huh! Remake ki kote yo soti.

<sup>335</sup> Kounye a (Koute byen.) nou wè klè, apre Sèt So yo te louvri. Se pou revele mistè sa a: Kisa ki trinite sa a? Ou wè? Ki kote li te janm rele trinite? Ou wè? Ki kote nan Bib la Li te janm pale pawòl trinite a? Ki kote te ka gen twa Bondye, ke nou adore twa Bondye epi pou n pa payen?

<sup>336</sup> Kijan yo ka separe, lè Li te di: “Mwen ak Papa M se Yon Sèl”? “Sòf si nou kwè ke Mwen se Li, n ap peri nan peche nou, ou wè, enkredilite nou.” Peche se enkredilite. “N ap peri nan enkredilite nou.”

O, kimoun nou di ke M ye, ki kote nou te di ke  
M te soti,  
O, èske nou konn Papa Mwen, oswa èske nou  
ka di Non Li?

MWEN SE Woz Sawon an, Zetwal Klere Maten  
an.

Èske nou ka di m Kimoun Li ye?

MWEN SE sa ki te pale ak Moyiz nan touf bwa  
Dife k ap boule a,

MWEN SE Bondye Abraham lan, Zetwal Klere  
Maten an.

MWEN SE Woz Sawon an, o, ki kote nou te di  
ke M te soti;

O, èske nou konn Papa Mwen, oswa èske nou  
ka di Non Li? (Amèn!)

MWEN SE Alfa, Omega, Kòmansman an ak  
Lafen an;

MWEN SE tout kreyasyon an, e Jezi se Non Li.

Se vre. Pa gen trinite! Non, mesye. Sa se yon fo bagay.

<sup>337</sup> Sèt So yo, antan y ap devwale mistè sa yo ki “ta dwe akonpli,” yo parèt. Yon so louvri; li devwale, li parèt, li montre klè Verite kache yo ke So yo te kache pandan tout lane sa yo, atravè tout legлиз ak denominasyon sa yo.

“Gran pwostitye a,” de Apokalips sè-... Kimoun li te ye? Men li se “MANMAN PWOSTITYE YO,” tou. Ou wè?

“Kounye a, nou te rele yo ‘votou,’” nou di, “Frè Branham.” Se vre.

<sup>338</sup> Men, sonje, yon votou se yon zwazo. Li wen pou l vole, tou. “De espri yo va sitèlman pwòch pou twonpe Eli yo . . .” Yon votou gwo menm jan ak yon—ak yon èg. Li te ka vole tankou èg sa a; epi li wen pou l vole, oswa pou l preche, oswa pou pwofetize, remake, menm jan ak èg la. Men li pa ka swiv èg la nan wotè. Non, non. Si li eseye swiv èg la, foli l yo ap manifeste. Wi, mesye. Li pa ka swiv èg la.

<sup>339</sup> O, li ka di: “Mwen kwè nan Jezikri kòm Ptit Bondye a. Mwen kwè Bondye Papa a, Toupwisan, Kreyatè syèl yo ak latè; Jezikri Ptit Li,” e latriye. O, sèten, yo ka fè sa. Men e Sila a ki se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan? Ou wè?

<sup>340</sup> Yon èg se yon zwazo ki bati yon fason espesyal. Pa gen anyen tankou li, sou tè a. Ou wè? Li—li... Si yon votou eseye swiv li, oswa nepòt lòt zwazo, li tap dezentegre. Foli l yo tap manifeste, se sèten. Li tap eksplode lè li tap eseye mete nouvo Diven an nan yon ansyen boutèy. Ou wè, li tap eksplode. Li tap dezentegre. Li pat fèt, li pat... Kò li pa gen estrikti li dwe genyen pou kenbel anwo a la a. Lè li antre nan gran esfè sa yo anwo a laba a, si li pat fèt, òdone, predestine, ne yon èg, l ap eklate an myèt moso. Ou wè? Plim yo tap vole sot nan zèl li, epi li tap tonbe atè. Sèten. Li pa ka swiv èg la, nan wotè. Si li eseye sa, foli l ap manifeste. Se vre. Ou pa kapab.

<sup>341</sup> Poukisa? Li pa kapab wè menm jan ak èg la. Kisa sa ap itil pou eseye sote byen wo, epi w pa ka wè kote w ye a lè w anwo a la a? E si l ta dwe eseye, menm eseye imite èg sa a, nan wotè yo, li vin tèlman avèg ke li tou eksite san l pa konnen poukisa. Se vre. L ap kriye fò epi rele, epi ap debat; men jis pwononse Pawòl la avè l, gason, se la foli l manifeste.

<sup>342</sup> Pale avèk li sou batèm nan Non Jezikri a, oswa, Limenm se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, tout—tout konsa, epi di l. “Enben, o, kounye a tann jis on minit!” Ou wè? O, wi, la a plim li yo ap tonbe. Ou wè, li tou ap sote anlè, epi pwofetize, epi chase demon, epi pale an lang, epi ap rele fò, epi ap debat, ap kouri monte desann sou planche a. Men pa eseye swiv anwo La a; enben, se sèten l ap manifeste.

<sup>343</sup> Poutan, li òdone. Li wen. Li ka vole. Li ka balanse tèt li, monte la a, men pa... jis nan yon sèten pwen. Ou wè, li ka manje yon chawony, men li pa ka manje Vyann fre a ki sot nan Twòn lan.

<sup>344</sup> Li avèg. Li tou eksite, men li pa konn pou kisa li eksite a. Ou wè, menm Espri sa a ki te tonbe sou li, tankou lapli a, pou fè l yon ble; li pa yon ble pou kòmanse. Li eklate. “O, mwen pa ale pou kèk... O, non, mesye! Mwen konnen Doktè Jones te di...” Trè byen, ale. Ou wè? Ale, si w vle.

<sup>345</sup> Non, remake, li pa ne, oswa bati, oswa predestine, pou l kalite zwazo sa a. Li ka... Li se yon... te ka yon sitwon k ap grandi sou yon pye zoranj, men li pa janm sot nan rasin yo. Li se yon bagay ki te ajoute. E lè yo rive tèlman wo nan denominasyon yo ke yo pa ka wè Pawòl Bondye predestine a ki konfime, alò foli yo manifeste. “O, bagay sa a, Kouwòn Limyè sou tèt, ak tout bagay, o, Sa san sans.” Ou wè? Manifeste.

<sup>346</sup> Li pa bati pou wè lwen konsa. Li pa ka wè pi lwen ke sa linèt denominasyonèl li yo pèmèt li wè. Men, apre sa, li avèg menm jan a yon chòvsouri. Se lè sa a foli li manifeste. Ou wè? Se kote vrè

èg la chita pou manje. Wi, mesye. Se kote vrè èg eli yo wè kisa l ye. Lè li pa ka pran Pawòl sa a, yo konnen lè sa a menm li se yon votou denominasyonèl.

<sup>347</sup> Poukisa, poukisa li pa ka vole? Paske, gade ak kisa li nouri tèt li. Li tap nouri tèt li ak chawony denominasyonèl pouri. Sa p ap—sa p ap espirityalize kò li, p ap mete l anfòm espirityèlman, nan lòt mo, pou pote l pi wo diferans denominasyonèl yo. Ou wè? Ou wè, li jis nouri tèt li ak bagay pouri; se ak sa kò li fèt. Li pa ka monte anwo a la kote Vyann fre sa a pèmèt èg sa a ale a. Li jis pa ka fè l. Ou wè?

<sup>348</sup> Sa akonpli Matye 24:24. L ap vole, sote anlè, ap bat zèl li, men li jis pa ka rive wo ase. Ou wè? Se vre. Ou wè, li pa ka ale, li pa ka rive wo ase pou pran Lamàn fre sa a. Li ka manje vye lamàn la ki anba isi a atè a, vye lapen mouri yo ke yo te kraze sa fè yon semèn de sa, ak yon mwa de sa, oswa karant an de sa, kontaminasyon. Li ka manje sa, epi jis jibile sou li, epi braye epi rele, epi aji bizaman, sote anlè epi vole tankou yon lòt èg. Li wen, tankou yon lòt zwazo.

<sup>349</sup> E li se yon tip de yon èg, se sa yon votou ye. Nou konn sa. Sèten se sa l ye, men li pa ka swiv èg otantik sa a. Ou wè? Li jis pa ka fè l. Non, mesye. Kò li pa bati; li nouri tèt li ak diferan chawony, ou wè, e se p ap . . . se p ap—se p ap Vyann fre a, Lamàn fre a. Se va yon bagay ke Luther te di, Wesley te di, oswa Dokte Entèl te di. Se p ap de sa Jezi te di pou lè sa a.

<sup>350</sup> Ann ale kounye a, ann fenmen. Sila yo ki wen, “Dè Kris,” nan dènye jou yo, men “fo anseyan yo ak fo pwofèt.” Remake kijan sa frapan! Bon, mwen vle nou konpare sa; nou pa gen tan pou li l, Matye 24:24 ak De Timote 3:8.

<sup>351</sup> Matye 24:24 te di, nan dènye jou yo, ou wè, “pral gen dè fo Kris k ap vini,” fo, sila yo ki wen, “dè fo pwofèt, epi yo va montre siy ak mèvèy,” egzakteman tankou vrè Sila a, vrè Sila a, “e yo va—e yo va prèske twonpe Eli yo menm.” Kounye a remake, se te Jezi ki tap pale.

<sup>352</sup> Men Pòl vini, touswit apre Li, epi ki te di: “Kounye a, nan dènye jou yo, pral gen moun reliye k ap vini, ou wè, ki gen yon fòm pyete. Epi ki va kondwi medam ki fèb yo, ki ajite ak tout kalite move lanvi mond lan.”

Apre sa yo mande tèt yo, yo di: “Poukisa w ap pwovoke medam sa yo?” O, bonte . . . Yo jis pa menm wè Li.

“Kondwi medam ki fèb yo, ki chaje ak diferan move lanvi,” lwen bagay tankou nan . . . de . . . Ou wè: “Epi menm jan Jannès ak Jambrès . . .”

Matye 24:24: “dè fo Kris,” fo, wen, k ap fè siy ak mèvèy pou twonpe Eli yo.

<sup>353</sup> “Kounye a, menm jan Jannès ak Jambrès te reziste ak Moyiz, se konsa repwouve sa yo ap fè; ak yon lespri repwouve konsènan

Lafwa a.” Pa *yon* lafwa. Lafwa *a!* “Yon sèl lafwa, yon sèl Seyè, yon sèl ba- . . .” Nou pa ka gen *yon sèl* lafwa san nou pa kwè nan *yon sèl* Seyè. Nou pa ka gen de batèm, pa youn pou Papa a, ak Ptit la, Sentespri a. Yon sèl batèm: Jezikri. Ou wè? Se vre. Ou wè, fo batèm!

<sup>354</sup> Remake, konpare yo ansanm kounye a lè nou rive lakay. Remake Matye 24:24, Jezi k ap pale; Pòl, De Timote 3:8; anpil lòt. E kounye a konpare sa.

Epi apre mete yon lòt Ekriti, Lik 17:30, Malachi 4.

“Menm jan Jannès ak Janbrès te reziste ak Moyiz,” Pawòl wen pou lè a, “se konsa mesye sa yo ap fè,” pa mesye, “mesye yo,” sila yo ki wen, “va reziste ak Verite a.”

<sup>355</sup> “Nan jou a menm kote Fis de lòm lan va revele a.” Apokalips 10:1 rive nan 7, li 1 lè nou rive lakay, “Mesaj setyèm anj lan, k ap louvri So yo.” Kisa l ye? Pa anj lan ki se Fis de lòm lan; men mesaje a k ap revele Fis de lòm lan. Èske nou ka separe l kounye a? Se kote li sanble li tèlman di pou nou, nou wè. Pa Fis de lòm lan, Limenm; men setyèm anj lan, setyèm mesaje a, k ap revele Fis de lòm lan bay piblik la, paske Li te kite pay la. Li pa ka òganize Li. Se Grenn lan, Limenm, ankò.

<sup>356</sup> “E nan jou sa a, Jannès ak Jambrès ap reziste,” sila yo ki wen (swadizan kwayan yo ak enkwayan yo, legliz fòmalis la ak Pannkotis yo) kanpe kont vrè Grenn lan, “men kite yo trankil; foli yo ap manifeste, menm jan pa sa yo te ye a.” Ou wè? Nou konprann kounye a? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.]

<sup>357</sup> Apokalips 10, te di: “Nan jou vwa setyèm anj lan.” Kounye a sonje, setyèm, Laj Legliz Lawodise a. “Vwa anj sa a,” lè laj legliz sa a fin pran nan denominasyon epi vin yon laj legliz, lè li fini nan òganizasyon Pannkotis li a; lè mesaje pou sa . . .

<sup>358</sup> Kisa chak mesaje te ye? Kisa Martin Luther te ye? Yon repwòch pou Katolik la. Kisa Wesley te ye? Yon repwòch pou Literyen sa yo. Kisa Pannkot la te ye? Yon repwòch pou lòt sa yo. Ki kote Lavi a ale kounye a? Lwen yon òganizasyon. Nanpwen pay ankò; se Grenn lan. Kisa l ye? Yon repwòch pou Pannkot la, ou wè, pou akonpli Ekriti a pou lè sa a. Ou wè?

<sup>359</sup> Remake, jou an menm lè mesaje sa a . . . Pa lè li kòmanse a, men lè li kòmanse deklare Mesaj li. Ou wè? Premye Pull la, gerizon; Dezyèm Pull la, pwofetize; Twazyèm Pull la, ouvèti Pawòl la, mistè yo ki revele. Nanpwen okenn, pa gen yon ran ki pi elve pou revele Pawòl la, pase pwofèt yo. Men sèl fason pwofèt la ka konfime se pa Pawòl la. E, sonje, Twazyèm Pull la se te ouvèti Sèt So sa yo, pou revele Verite kache a ki te sele nan Pawòl la. Èske nou wè li? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.]

<sup>360</sup> Se lè sa a, nan jou sa a lè bagay sa a dwe rive, ke Jannès ak Jambrès, imitatè yo, ap parèt ankò. Jis tankou yo te fè lè Moyiz te parèt ak Pawòl orijinèl la, pou pwononse Li, yo parèt pou imite

Li. Jis egzakteman vre. Kounye a nou wè kisa Matye 24:24 ye?  
Ou wè, sila yo ki wen!

<sup>361</sup> Kounye a gen twa bagay nou pral di anvan nou fenmen. Se sa. Mwen vle nou koute trè byen kounye a antan n ap fenmen. Twa bagay, sonje, twa bagay te akonpli. Twa bagay prezante devan nou kounye a menm.

<sup>362</sup> Premyèman. Mond lan nan yon kondisyon Sodòm. Jezi te di sa tap rive. Gade pèvèsyon an; fanm nou yo ap eseye aji tankou gason; gason nou yo ap eseye aji tankou fanm, efemine; pouri, degoutan, meprizab, posede ak demon, epi yo pa konn sa. Bib la te di sa tap rive, e se la l ye a.

Dezyèmman. Se nan lè sa a, dapre Lekriti isi a, ke Jannès ak Jambrès ap parèt. Dezyèmman.

Twazyèmman. Se nan menm lè sa a ke Fis de lòm lan dwe revele.

<sup>363</sup> Men kwayan nou an, swadizan kwayan nou an, ak enkwayan nou an. Gen yon Pawòl otantik ki kanpe, konfime; men swadizan kwayan an k ap imite Li; e men enkwayan an k ap rejte tout bagay la nèt.

Men va gen Limyè nan tan aswè a,  
Chimen pou Lagwa ou va jwenn li sètènman;  
(Se vre?)

Nasyon yo ap kraze, Izrayèl ap reveye,  
Siy ke Bib nou an te anonsé davans;  
E jou Moun lòt Nasyon yo konte (Sodòm), yo  
ranpli ak freyè;  
“Retounen, O dispèse yo, al jwenn moun nou  
yo.”

Jou redanmsyon an toupre,  
Kè lòm ap fayi, nan perèz sa a;  
Se pou nou ranpli ak Lespri Bondye, se pou  
lanp nou netwaye epi klere, (Konsa nou ka wè  
Pawòl pou lè a.)  
Gad anlè! Redanmsyon nou toupre.

Fo pwofèt ap bay manti, (Yo te di yo tap isi a;  
sila yo ki wen.), Y ap renye Verite Bondye a,  
Ke Jezi Kris la se Bondye nou;

Sa, yo pa kwè Li. Bib la te di tap gen bagay sa a isi a. Men li!

Men n ap mache kote apot yo te mache.

Menm Limyè a! “Epi li va mennen Lafwa papa yo bay timoun yo.”

Jou redanmsyon an toupre, (Tèlman pre.)  
 Kè lòm ap tonbe nan laperèz; (Latè a ap  
 efondre.)  
 O, se pou nou ranpli ak Lespri Bondye a, pou n  
 gen lanp nou netwaye epi klere.  
 Gad anlè! Redanmsyon nou toupre.

Nou kwè sa? [Asanble a di: "Amèn."—Editè a.] Annou koube tèt nou alò.

<sup>364</sup> Laba nan peyi a kote Mesaj sa a prale a, depi nan Kot Ès la rive nan Lwès la, depi nan Kalifoni rive nan New York, byen lwen nan Sid la, ak nan Nò a, laba nan misyon yo, epi kèleswa kote Li prale a, ak nan tabènak sa a. Nou pòv. Nou pa gen gran, gwo, bagay fleri sa yo, ak emisyon televizyon. N ap jis eseye fe pi byen nou kapab. "Men tout sa Papa a ban Mwen ap vini."

<sup>365</sup> Kounye a, mwen vle nou konnen sa se sèten, e noumenm k ap koute bann sa a. Nou te ka panse jodi a ke mwen tap eseye di sa sou mwenmenm, kòm se mwen ki tap pote Mesaj sa a. Mwen pa gen anyen plis pou m wè ak Sa, mwen se jis yon vwa pa plis. E, vwa mwen, menm kont pwòp volonte mwen; mwen te vle yon moun kap poze pyèj. Men se volonte Papa m ke mwen deside fè, epi m detèmine pou fè.

<sup>366</sup> Mwen pat Sila ki te parèt laba a nan rivyè a; mwen te sèlman kanpe la a lè Li te parèt. Mwen pa Sila ki fè bagay sa yo epi predi bagay sa yo ki rive pafètman jan yo ye a; mwen se sèlman sila a ki toupre lè Li fè li. Mwen te sèlman yon vwa ke Li te itilize, pou di Li. Se pat sa mwen te konnen; se sèlman mwen te abandone tèt mwen, pou ke Li te pale atravè mwen. Se pa mwen, se pat setyèm anj lan, o, non; se te manifestasyon Fis de lòm lan. Se pat anj lan, mesaj li a; se te mistè ke Bondye te devwale a. Se pa yon nonm; se Bondye. Anj lan pat Fis de lòm lan; li te mesaje ki sot kot Fis de lòm lan. Fis de lòm lan se Kris; Li se Sila a ke n ap nouri de Li a. Nou p ap nouri de yon nonm; yon nonm, pawòl li yo ap fayi. Men n ap nouri de Pawòl Kò Fis de lòm lan ki p ap fayi.

<sup>367</sup> Si nou pat nouri nou an plen de chak Pawòl, pou bay tèt nou fòs pou vole pi wo tout denominasyon sa yo ak bagay mond lan, èske nou vle fè li nan moman sa a, pandan n ap priye?

<sup>368</sup> Chè Papa, sa se yon bagay ki di. Sa pa fasil pou yon mòtèl fè li. Ou konn tout bagay. E mwen priye W, chè Bondye, ke yo p ap mal konprann li. Men, nan Limyè Pawòl Ou a, se pou moun yo mache.

<sup>369</sup> E, Papa Bondye, mwen pa konn kimoun ki Eli yo; Ou konnen. Mwen pa konn kilè Vini W lan ye. Men mwen sèlman konnen ke Ou te di lè sa a rive, fo wen sa yo; pa lè yo te fenk kòmanse a.

<sup>370</sup> Moyiz te jis kite yo trankil, paske li pat ka fè anyen an plis sou sa. Li te ka sèlman di sa ke W tap di. Ou te di li pou rele pis; apre sa yo te rele yo. Ou te di l pou chanje dlo a an san; apre sa

yo te fè l. Moyiz te sèlman egzekite, Mo pa Mo, jan Ou te di, men apre sa Ou te Sila a Ki te fè foli yo manifeste.

<sup>371</sup> Kounye a, Papa, Ou se Bondye, poutan. Menm Pawòl la te di ke sa tap rive nan dènye jou yo. Anpil moun onèt, jan nou te di dimanch pase, te mete men yo sou Lach sa a, sou yon nouveau charyo, e pa zepòl Levit yo, te tonbe tou mouri, “mouri nan peche ak move zak,” yo opoze a pwòp konsyans yo.

<sup>372</sup> Anpil minis ki chita nan biwo li, li Pawòl sa a, epi chanje paj la vit; pou l pa gen pou l pase alatak, pou l konnen l ap pèdi pozisyon sosyal li ak publik la, ak legliz li epi ak denominasyon li. Bondye ede nou pou n pa janm fè sa!

<sup>373</sup> Netwaye kè nou, Seyè, anba tout malpwòpte mond lan. Seyè, mwen kanpe pare pou pirifikasyon. Mwen kanpe pare, ak legliz sa a ak tout sa yo k ap koute, epi kèlkeswa moun k ap koute bann sa a. Mwen kanpe, Seyè, e m mande pirifikasyon. Seyè, mennen m nan kay Potye a epi kraze m, fòme mwen pou fè m yon sèvitè jan W vle l la.

<sup>374</sup> Paske, Seyè Jezi, “mwen se yon nonm ak bouch enpi,” jan Ezayi te kriye a, “m abite nan mitan yon pèp ak bouch enpi; e malè a mwen, paske mwen wè revelasyon Bondye a kap manifeste,” jan Ezayi te wè Anj yo nan Tanp lan. Mwen wè tan lafen an, Seyè, e malè a mwen ak fanmi mwen; malè a mwen ak pèp mwen an. O Bondye Etènèl, gen pitye pou nou. Mwen plede pou tèt mwen ak pèp la. Pa kite nou peri ak sila yo ki pa kwè, men se pou nou viv ak kwayan yo.

<sup>375</sup> Chak denominasyon, Seyè, chak gason oswa fanm... Mwen pa ka mande W pou beni yon denominasyon, alòske mwen konnen Ou kont li. Men mwen ka sèlman di, Seyè, si Ou gen nenpòt nan mouton W yo nan mitan yo, se pou yo tande bann sa a. Se pou yo tande Li, Seyè, epi konprann Li ak konpreyansyon ke Ou va ba yo, e se pou yo soti la a epi resevwa Ou. Se pou yo pa twonpe pa avègleman ak tradisyon jou sa a. Se pou yo pa eseye manje nan yon bagay ki te yon kadav nan yon lòt jou. Se pou yo pran Pawòl la.

<sup>376</sup> Se fason sa a Farizyen yo te klouwe W sou lakwa, Seyè. Yo tap pran kadav jou Moyiz la, epi yo tap eseye jibile sou li; apre Ou te bay tip la, nan dezè a, de lamàn fre chak nwit, ki vle di chak jenerasyon. Se la yo te fayi a. Li te anpwazonnen yo. Li te touye yo, poutèt yo te manje nouriti kontamine sa a.

E, espirityèlman, sa fè menm bagay la jodi a; sa touye yo, espirityèlman, ak yon denominasyon.

Ede nou, chè Bondye. Tout sa nan men W kounye a. Nan Non Jezikri.

Ak tèt nou koube, nou pral chante sa pandan nou pran desizyon nou. Èske nou prale jouk nan fen an?

Mwen ka tande Sovè mwen... (E Li se Pawòl  
la.) k ap rele,  
Mwen ka tande...

“O, mwen te ere pandan lontan, men, vrèman, kounye a menm mwen tande Li: ‘Vin jwenn Mwen, nou tout k ap tatonnen.’”

...tande...

<sup>377</sup> “Se pou w pran kwa ou, swiv Mwen chak jou.” ‘Wi, lè m ap mache nan vale lonbray lanmò a, m p ap pè okenn mal; anba nan patiray vèt ak lonbray yo, ak bò kot dlo trankil yo.’”

E kote Li kondwi mwen mwen...

<sup>378</sup> “Seyè, mwen wè foli trinitè sa a. Mwen wè li simaye nan tout mond lan; move zèb ap pouse toupatou. Men kote Ou kondwi mwen kounye a, Seyè, m ap tankou sila yo nan Ak 19. ‘Lè yo te tande Sa, yo te rebatize nan Non Jezikri.’”

...swiv,

“Mwen fè on pati nan chimen an, Seyè, ase pou resevwa Ou.”

Kounye a m prale avè Li nan tout chimen an.

<sup>379</sup> Chè Bondye, mwen gen konfyans ke sa soti nan kè mwen. Mwen gen konfyans ke li soti nan kè tout moun k ap chante nan moman sa a, petèt de anpil ki va koute bann sa a, ki pa prezan oswa pa tande li kounye a. Se pou nou dispoze, Seyè, kèlkeswa pri a. Li di: “Se tankou yon nonm ki pral afronte yon lòt lame, yon sòlda, yon wa; an premye li chita epi li konte, èske li kapab fè l, èske li ka abandone bagay mond lan? Èske nou ka abandone, antre vin jwenn lame Pawòl ekri Bondye a, mache ak sòlda Li yo, vole ak èg Li yo?” Akòde Li, Seyè, nan Non Jezi.

<sup>380</sup> Nou kwè? Nou asepte Li? Trè byen. N ap wè nou isi a ankò, aswè a, si Seyè a vle. Èske nou kwè sa se Verite a? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Èske li ase klè? [“Amèn.”]

Alò pran Non Jezi a avèk nou,  
Ptit chagren ak malè;  
L ap ban nou lajwa ak konsolasyon,  
Pran li tout kote...

Kounye a, bay yon moun bò kote w la lanmen kounye a.

Presye Non, O ala dous!  
Lespwa latè, (Lespwa latè a!) lajwa Syèl la;  
Presye Non, O ala dous!  
Lespwa latè ak lajwa Syèl la.

Nan Non Jezi n ap koube,  
Tonbe fas atè nan pye L,  
Wa dè wa nan Syèl na p kouwone... (Li se Bondye, alò.)  
Lè vwayaj nou an fini.

Presye Non, (Presye Non!) O ala dous! (O ala dous!)  
 Lespwa latè ak lajwa Syèl la;  
 Presye Non, O ala dous!  
 Lespwa latè ak lajwa Syèl la.

Mwen sipoze ke yo te mansyone tout minis yo maten an, ke m te salye yo.

<sup>381</sup> Lè yon nonm te priye tout semèn lan, nou t ap mande tèt nou sa k pase, nou wè Ekriti sa yo, sila yo ki kanpe drèt la a devan nou. “E malè a mwen,” Pòl te di: “si mwen pa preche Levanjil la.” Nan fen wout li, li te di: “Mwen pat evite deklare nou tout Konsèy Bondye a jan yo te ban mwen Li.”

Mwen blyie pafwa mansyone kèk bagay, fè prezantasyon, konsakre bebe yo.

Billy te di, lòt jou a, yon mesye vini, li te di: “Sa fè dezan m ap vin isi a, pou fè yo konsakre bebe m lan.”

<sup>382</sup> Billy te di: “Pa pran sa mal. Mwen gen yon bebe, en an; li pokò konsakre, nonplis. Kife m pral jis tann jouk li vin gran ase pou mache la a limenm, mwen sipoze.”

Kifè nou jwenn, frè, sè, se pa—se pa, ou wè, mwen... Yon bagay, nou ta dwe konsakre pitit nou yo.

<sup>383</sup> Nou ta dwe batize chak moun. Gen yon pisin; men dlo. Si ou pat fè l, kisa ki anpeche w? Men dlo isi a. Vini touswit. Pa tann jouk aswè a; vini touswit. Gen nonm ki kanpe isi a ki prè pou batize nenpòt moun ki te repanti epi ki te fè konfesyon li. Si ou te batize yon douzèn fwa, y ap batize w nan Non Jezikri pou padon peche. Ou wè? Nou gen sa sa pran.

<sup>384</sup> Men, ou wè, Mesaj la sou kè mwen. Mwen dwe anonse L. Sa se sèl objektif mwen, kèlkeswa sa madanm mwen di, pitit mwen yo di, pastè m di, kèlkeswa sa nenpòt moun pa m di. Se Seyè m lan. Mwen dwe anonse Sa. Se sèl objektif mwen.

<sup>385</sup> E bon, anpil fwa, mwen blyie salye minis yo. Mwen sipoze petèt... frè nou, Frè Neville, yon nonm presye. Lòt frè sa yo isi a, nou kontan genyen nou avèk nou.

<sup>386</sup> Si nou pa dakò avè nou, frè, se pa pou nou diferan. Anpil nan nou isi a te ka predikatè trinitè. Nou pa vle fache avè nou. Nou renmen nou. Si nou pat renmen nou, si mwen pat kwè sa, mwen pa tap janm kite legliz sa a jouk mwen desann la a sou jenou mwen pou di: “Bondye, fè m kòrèk.”

<sup>387</sup> Mwen pa vle lespri awogan, egoyis sa a melanje ak pa m. Mwen vle lespri mwen pou l pi epi pwòp, ak lanmou fratènèl, sen ak Sentespri a. Kounye a, si yon moun fè m nenpòt bagay ki pa bon, se kòrèk. E menm si mwen te ka gen dwa pou vanje m sou yo, mwen pa vle sa nan lavi mwen. Non, mwen—mwen vle

gen lanmou. Mwen vle pare pou korije ak lanmou, ak lanmou ki va reponn absoliman pou sa lòt kote a.

<sup>388</sup> Mwen pa vle pou m diferan. Metodis, Batis, Katolik, Presbiteryen, kèlkeswa moun nou ye a, mwen pa di bagay sa yo pou m diferan, pou m awogan avè nou. Si m te fè sa, mwen se yon ipokrit e mwen ta dwe anba isi a devan lotèl sa a, ap priye jouk Bondye reponn.

<sup>389</sup> Men mwen di sa, se poutèt lanmou, e mwen wè kote nou prale. Kounye a, mwen pa di sa de mwenmenm, epi m p ap di sa antan m ap sipoze. Mwen ban nou ENSI DI SEYÈ A. Sa se Laverite. E mwen renmen nou pou bagay sa yo. Bondye beni nou.

<sup>390</sup> Kounye a antan n ap chante yon lòt kouplè de chante sa a, annou, anvan n ale. Nou vle pou nou vini isi a aswè a, si nou kapab. Si nou pa kapab, Bondye avè nou jouk nou rankontre. Nou jis priye ke Bondye ap—ap beni nou epi ban nou sa k pi bon nan peyi Li, ou wè.

Pran Non . . .



*SILA YO KI WEN NAN TAN LAFEN AN* CRE65-0725M  
(The Anointed Ones At The End Time)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle nan dimanch maten, 25 jiyè, 1965, nan Branham Tabènak nan Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistremman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete 1 sou entènèt, ni anpile 1 sou yon lòt fòm, ni tradui 1 nan lòt lang, osinon itilize 1 pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfèmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)